

TAB DÈ MATYÈ

Salitasyon Sipèrentandan an	
Komisyon Lekòl la	3
Administrasyon Lekòl la	3
Deklarasyon Misyon Lekòl Piblik Norwood yo.....	3

POLITIK AK PWOSEDI YO

Politik osijè Izaj ki Akseptab	4
Egzijans Laj pou Admisyon	4
Lwa pou Ameriken ki gen yon Andikap.....	4
Prezans.....	4
Absans Jistifye Legalman	5
Absans ki Pa Jistifye	5
Entèdiksyon ak Prevansyon Entimidasyon.....	5
Abi ak Neglijans sou Timoun	8
Politik sou Egzijans C.O.R.I yo	8
Politik konsènan Lye Travay Ki Pa Gen Dwòg	8
Pwosedè Fèmti Lekòl Ann Ijans.....	9
Lwa Dwa Edikasyon ak Vi Prive Fanmi yo (FERPA).....	9
Pran Foto epi Filme Elèv yo.....	9
Bizoutaj.....	9
Politik osijè Devwadmezon	10
Lwa Osijè Refòm Edikasyon Massachusetts Lane 1993	10
Lwa konsènan Notifikasyon Paran yo	10
Politik konsènan Pasaj Elèv yo	11
Politik Konsènan Diskriminasyon ak Pèsekisyon	11
Edikasyon Espesyal.....	13
Seksyon 504.....	13
Repons-Pou-Entèvansyon (RTI).....	14
Karakteristik Enpòtan yo.....	14
Modèl 3 Nivo an.....	14
Zam.....	15

DISIPLIN NAN LEKÒL PRIMÈ

Kòd Disiplin pou Lekòl Primè	15
Pwosesis Ekitab	16
Konpòtman nan Kafeterya a	20
Konpòtman nan Otobis Lekòl la.....	20
Disiplin Elèv ki Andikap.....	21

SÈVIS SANTE LEKÒL LA

Egzijans Sante pou Admisyon nan Lekòl la	24
Maladi, Premye Swen ak Ijans yo.....	25
Administrasyon Medikaman Ak Preskripsyon Epi San Preskripsyon	25
Egzamen Sante yo	26
Dosye Sante yo	26
Enfòmasyon pou Kontakte Nès Lekòl la	26
Politik osijè Byennèt	27
Asirans	27

PWOGRAM/ANPLWAYE LEKÒL PRIMÈ

Boza.....	27
Pwogram Jounen Pwolonje.....	28
Sante/Edikasyon Fizik.....	28
Bibliyotèk.....	28
Espesyalis Alfabetizasyon.....	28
Mizik.....	29
Politik Konsènan Prezans Nan Show Yo.....	29
Sikològ.....	29
Konseye Ajisteman nan Lekòl la.....	29
Espesyalis Elokasyon/Langaj.....	29
Sant Lasyans.....	30
Teknoloji.....	30
Tit I.....	30
Elèv k ap Aprann Lang Angle (English Language Learners — ELL).....	32
Sant Edikasyon Willett pou Timoun Piti.....	31

ENFÒMASYON JENERAL

Pote Lajan Lekòl la.....	31
Egzeyat.....	31
Kòd Vestimantè.....	31
Deplasman ak Tout Klas la.....	32
Tès Similasyon.....	32
Atik Elèv yo Pèdi.....	33
Mesaj/Telefòn.....	33
Lajan pou Lèt ak Lench.....	33
Enfòmasyon Pa Gen Lekòl.....	33
PTA/PTO.....	34
Lis Ijans PTA/PTO yo.....	34
Lakou pou Jwe.....	34
Tès nan Jadendanfan.....	35
Tès Anvan-Lekòl.....	35
Kanè yo.....	35
Responsabilite Paran ki pa Gen Gad Timoun lan pou resevwa Dosye Elèv la.....	35
Konsèy pou Sekirite.....	36
Jounen Lekòl.....	36
Fèt nan Lekòl yo.....	37
Foto Lekòl la.....	37
Dosye Elèv yo.....	37
Tès.....	37
Dat Pwogram Tès Eta a.....	38
Vizitè/Volontè nan Lekòl la.....	38
Wèbsayt.....	38
Paj Siyati Paran yo.....	39

KOMISYON LEKÒL LA

Manm Komisyon Lekòl la se ofisyèl ki eli epi ki pa touche salè. Antanke tèl, yo responsab pou mete anplas politik ki fèt pou reyalize yon pwogram edikasyon ki efikas ak efisyan pou sistèm lekòl piblik lokal la.

Yo òganize reyinyon yo anjeneral chak 2 semèn nan biwo Administrasyon Lekòl la (James R. Savage Educational Center). Selon lalwa Eta a, tout reyinyon, eksepte reyinyon nan sesyon egzekitif yo, ouvri pou piblik la. Nou ankouraje tout moun pou yo patisipe. Ou gendwa kontakte manm komisyon an lè w rele nan biwo administrasyon lekòl la nan 762-6804 oswa kite yon mesaj nan James R. Savage Educational Center nan 781-440-5821.

ADMINISTRASYON LEKÒL LA

Sipèrntandan an ansanm ak anplwaye yo responsab pou mete anplas politik Komisyon Lekòl la epi pou kenbe kalite korikolòm la. Nimewo telefòn James R. Savage Educational Center lan se 781-762-6804.

DEKLARASYON MISION LEKÒL PIBLIK NORWOOD YO

Misyon Lekòl Piblik Norwood la se chèche ekselans akademik pou tout timoun nan yon anviwònman ki san danje, pwoteje ak ankourajan, pou enspire nan yo yon lanmou san fen pou aprann, epi pou pepare yo ou yo kontribye antanke sitwayen yon kominote ki divèsifye.

KWAYANS

- Tout timoun kapab aprann.
- Etid akademik yo se priyorite ledikasyon. Anplis de Etid akademik, Atletism ak Aktivite esansyèl pou yon edikasyon kapab konplè.
- Chak timoun pa gen parèy li epi yo chak gen kapasite espesyal ak enterè yo dwe detekte, ankouraje ak devlope.
- Kay li, lekòl la ak kominote an responsab pou edikasyon tout timoun yo
- Pwofesè yo dwe eveye enterè chak elèv pou yo vle aprann.
- Elèv yo responsab pou yo aprann ak pou jan yo konpòte yo.
- Paran yo responsab pou mete anplas valè ak atant ki soutni pwosesis aprantisaj la.
- Li enpòtan pou timoun yo kontinye aprann pandan tout vi yo pou yo kapab gen yon patisipasyon ki prodiktiv ak responsab nan yon monn ki divèsifye epi ki chanje tout tan.
- Pwofesè yo gen dwa anseye epi elèv yo gen dwa aprann nan yon anviwònman ki san danje ak pwoteje.
- Yon kominote avanse lè tout moun kontribye nan byennèt tout moun.
- Entegrite, respè ak kowoperasyon esansyèl pou bati relasyon ki baze sou konfyans.
- Kominote nou an ranfòse ak anrichi grasa divèsite.

POLITIK OSIJÈ IZAJ KI AKSEPTAB

Lekòl Piblik Norwood yo bay elèv yo aksè nan rezo Teknoloji/Konpitè, ikonpri aksè nan rezo ekstèn yo pout put sa ki gen pou wè ak edikasyon. Objektif teknoloji edikatif lan se pou pare elèv yo pou yo jwenn siksè nan lavi yo ak nan travay yo lè yo founi aksè nan anpil enfòmasyon ak nan kapasite pou kominike ak lòt moun. Aksè nan rezo a se yon privilèj, se pa yon dwa li ye. Pou kapab asire ke rezo a sèvi pou obkjektif edikasyon ki prevwa yo epi pa pou objektif ki pa apwopriye, komèsyal oubyen ilegal, Lekòl Piblik Norwood yo te adopte yon Politik konsènan Izaj ki Akseptab. Pou elèv yo itilize rezo an nan nivo prime, se pou paran/gadyen yo konfime yo resevwa epi yo konprann tout règlemantasyon ak pwosedi ki règlemante itilizasyon sistèm la epi se pou yo dakò alekri pou yo respekte règlemantasyon ak pwosedi sila yo. Vyolasyon règlemantasyon ak pwosedi ki aplikab yo gendwa antrene sispansyon oswa fen privilèj itilizatè yo ansanm ak lòt aksyon disiplinè ki konsistan ak politik Lekòl Piblik Norwood yo. Yo pral remèt nou yon fòm Kontra Itilizatè pou paraan/gadyen yo siyen li ansanm ak tout tèks Politik osijè Izaj ki Akseptab la.

EGZIJANS LAJ POU ADMISYON NAN LEKÒL NORWOOD YO

Kondisyon laj pou enskripsyon se:

Pwogram Edikasyon Espesyal yo – Laj pou antre pou elèv edikasyon espesyal yo se twa (3). (Al gade Chapit 766, seksyon 310). Elèv yo ki enskri nan pwogram Pre-lekòl Entegre (Integrated Preschool) dwe gen twa (3) zan nan dat 31 dawout oplita.

Jadendanfan – Timoun yo aksepte nan Jadendanfan dwe gen senk (5) lane nan dat 31 dawout oplita nan lane lekòl yo te antre a.

1ye Klas – Timoun yo admèt nan 1ye klas dwe gen 6zan nan dat 31 dawout oplita nan lane lekòl yo te antre a. Gen eksepsyon pou elèv k ap transfere soti nan yon lòt vile pi yo dwe prante prè satisfèzan yo te enskri nòmalman nan yon lòt lekòl anvan sa.

LWA POU AMERIKEN KI GEN YON ANDIKAP (AMERICANS WITH DISABILITIES ACT)

Lekòl Piblik Norwood yo pa fè diskriminasyon poutèt yon moun andikape nan operasyon pwogram edikasyon yo, aktivite andeyò korikolòm, evènman piblik oswa demann pou aranjman oswa pou anplwa. Yo gendwa prezante Direktè a epi/oswa Kowòdonatè ADA a nenpòt ki kesyon, plent oswa demann pou yo fè aranjman.

Paran yo gendwa kontakte **Kowòdonatè ADA a**, Direktè Bildung ak Jaden yo, lè yo ekri nan adrès sa a: James R. Savage Educational Center, 275 Prospect Street, Norwood, MA 02062 oswa si yo rele nan 781-762-6804 ekstansyon 5830.

Moun ki bezwen dokiman nan fòma altènatif (gwo lèt, odyotep, elatriye) oswa lòt sipò sowa sèvis kominikasyon oksilyè pou patisipe nan pwogram yo ta dwe endike bezwen yo pou anplwaye lekòl la alekri.

PREZANS

Li vital pou pitit ou prezans regilyèman lekòl la pou li kapab pwogrese. Gen yon lyen pisan ant prezans ak siksè akademik lekòl la. Pou bay elèv yo pibon

opòtinite ki posib pou reyalize potansyèl yo akademikman ak sosyalman, se pou yo ale lekòl regilyèman. Lè elèv yo an reta oswa absan, yo rate leson ki gen anpil vaè ak eksperyans sosyal yo pa kapab ratrape.

Yon elèv dwe lekòl oswa ap fè aktivite ki gen pou wè ak lekòl (pa egzanp deplasman ak tout klas la), pandan omwen mwatye nan jounen lekòl la pou yo kapab konte li kòm prezan.

Yon gwo kantite absans ap fòse lekòl la lanse pwosedi ki endike nan Lwa Jeneral Massachusetts, Chapit 76. Règlemantasyon konsènan prezans ki annapre a aplikab pou tout elèv Norwood yo, sof si gen espesifikasyon kontrè.

ABSANS JISTIFYE LEGALMAN

Absans yon elèv gendwa jistifye legalman de lekòl la si li pa kapab ale fizikman oswa emosyonèlman lekòl. Egzanp sila yo se egzanp absans lekòl ki ekskizab;

1. Maladi yon elèv
2. Maladi grav yon manm fanmi imedyat li, ki oblije elèv la rete lakay li
3. Maryaj oswa lanmò nan fanmi imedyat la

Absans yon elèv de lekòl la ap anrejistre antanke absans ki ekskize si absans lan se pou yo bòn koz. Si li nesèsè pou yon elèv pou li pa ale lekòl pandan 1 jou oswa plis, paran yo dwe notifiye lekòl la alekri anvan absans lan.

ABSANS KI PA JISTIFYE

Yo pral anrejistre absans yon elèv ki pa ekskize si:

1. Lekòl la pa resevwa yon nòt alekri paran oswa doktè elèv la siyen.
2. Elèv la pa absan poutèt yon maladi, yon ijans nan fanmi a oswa yon bòn koz.

Selon lalwa Massachusetts, absans ki ekskize pou plis pase sèt (7) jou antye oswa katòz (14) demi-jounen pandan chak semès katreven-dis (90) jou gendwa ekskize. Absans yo anrejistre su yon konbinezon de sèt (7) jou pandan premye oswa dezyèm peryòd katreven-dis (90) jou an pral mande pou yo prezante dokimantasyon medikal. Sipèrentandan an oswa moun li deziyen an gendwa decide si pou li ekskize yon absans patikilye.

Absans yo ki depase kondisyon maksimòm ki endike anlè a gendwa fè yo notifiye paran yo epi/oswa yo voye yo al jwenn ofisye prezans pou Lekòl Piblik Norwood yo.

Ofisye prezans lan pou Depatman Lapolis Norwood ap responsab pou aplike lejislasyon obligatwa konsènan prezans yo ki egzije prezans regilye, epi mete anplas penalite si paran epi/oswa gadyen yo pa respekte responsabilite yo ak etabli pwosedi referans pou yon elèv delenkan opre otorite jivenil yo. Pwosedi sa yo konpòte yon vizit lakay timoun lan, referans nan Depatman Sante Mantal, Depatman Sèvis sosyal oswa Tribinal Jivenil. Tanpri gade tiliv lekòl la bay pou enfòmasyon adisyonèl.

ENTÈDIKSYON AK PREVANSYON ENTIMIDASYON

Entimidasyon se yon fòm pèsèkasyon. **Lekòl Piblik Norwood yo** rekonèt entimidasyon ak pèsèkasyon gen yon efè negatif sou pwosesis edikasyon an.

Egijans pou Fè Rapò 370(g) – Lalwa enpoze tout manm pèsònèl lekòl la, pa sèlman pèsònèl anseyan an, fè rapò **obligatwaman** tout sityasyon entimidasyon oswa reprezay anplwaye yo te temwen oswa vin konnen bay Direktè oswa moun lekòl la deziyen. Anplwaye yo pral rapòte imedyatman kèlkeswa sityasyon entimidasyon oswa vanjans anplwaye yo te temwen oswa vin konnen bay Direktè ofisyèl lekòl ki idantifye nan plan an antanke responsab pou resevwa rapò a oswa bay toulede moun sa yo.

1. Definisyon Pèsekisyon (apatide de “*Chapit 92 Lwa 2010 – YON LWA OSIJÈ PÈSEKISYON NAN LEKÒL YO.*”)

- a. *Pèsekisyon* – Izaj repete pa youn oswa plizyè elèv de ekspresyon alekri, oral oswa elektwonik oubyen yon zak fizik oswa yon jès oubyen yon konbinezon de 2 bagay sa yo, kont yon viktim ki: (i) koze yon domaj fizik oswa emosyonèl pou viktim la oswa domaje pwopriyete viktim la; (ii) bay viktim la yon krent kote li panse rezonabman yo pral fè li ditò oswa pwopriyete li pral domaje; (iii) kreye yon anvivonman ostil nan lekòl pou viktim la; (iv) vyole dwa viktim la nan lekòl la; oswa (v) twouble materyèlman epi sibstansyèlman pwosesis edikasyon an oswa operasyon lekòl la kòm sadwa. Pou objektif seksyon sa a, **pèsekisyon gen ladann tou sibè-pèsekisyon ak reprezay.**
 - b. *Sibè-pèsekisyon* – Entimidasyon grasa izaj teknoloji oswa nenpòt ki kominikasyon elektwonik, ki gen ladann men ki pa limite ak kèlkeswa transfè siy, siyal, dokiman ekri, imaj, son, done oswa nenpòt kalite enfòmasyon ann antye oswa an pati pa kab, radyo, elektwomayetik, sistèm foto elektwonik oswa foto optik, ikonpri men ki pa limite ak korespondans elektwonik, kominikasyon Entènèt, mesaj enstantane oswa faks. Sibè-entimidasyon gen ladann tou (i) kreeyasyon yon paj wèb oswa yon blòg kote kreyatè a asime idantite yon lòt moun oswa (ii) izipasyon idantite koni yon lòt moun antanke otè kontni ki afiche oswa mesaj, si kreeyasyon oswa izipasyon idantite sa a kreye youn nan kondisyon ki enimere nan klòz (i) a (v), inkli, nan definisyon entimidasyon an. Sibè-entimidasyon gen ladann tou distribisyon mwayen kominikasyon elektwonik bay plis pase yon moun oswa afichaj materyo sou yon sipò elektwonik youn oswa plizyè moun gendwa aksede, si distribisyon oswa afichaj la kreye kondisyon ki enimere nan klòz (i) a (v), enkli, nan definisyon pèsekisyon an.
 - c. *Reprezay* – Kèlkeswa fòm entimidasyon, revanch oswa pèsekisyon ki dirije kont yon elèv ki denonse entimidasyon, bay enfòmasyon pandan yon ankèt sou entimidasyon oswa te temwen oswa ki gen enfòmasyon fyab sou entimidasyon.
2. **Entimidasyon Entèdi** – Konpòtman sa a twouble pwosesis edikasyon an; kidonk, se pou tout mou okouran *entimidasyon se konpòtman ki pa akseptab nan Lekòl Piblik Norwood yo epi li entèdi.*
3. **Entimidasyon Dwe Entèdi** – (a) sou teren lekòl la, sou pwopriyete ki akote teren lekòl la oswa nan aktivite, evènman oswa pwogram lekòla esponsorize, sou oswa andeyò teren lekòl la, nan estasyon otobis, nan otobos lekòl yo oswa lòt veyikil yon distri lekòl oswa yon lekòl posede, lwe oubyen itilize, epi oswa grasa teknoloji oubyen yon aparèy elektwonik yon distri lekòl oswa yon lekòl posede, lwe oubyen itilize; epi (b) nan yon adrès, aktivite oswa pwogram ki pa gen pou wè ak lekòl la oubyen grasa itilizasyon teknoloji oswa yon aparèy elektwonik yon distri lekòl oubyen

yon lekòl pa posede, lwe oubyen itilize, si entimidasyon an kreye yon anviwònman ki ostil lekòl la pou viktim la, si li vyole dwa viktim la lekòl la oswa twouble anpil ak sibstansyèlman pwosesis edikasyon an oswa fonksyonman yon lekòl kòm sadwa.

4. **Etap pou Rezoud**

- a. *Entèkansyon anplwaye yo* – Manm pèsonèl la ki obsève oswa vin konnen yon zak entimidasyon dwe pran mezi ki imedyata ak apwopriye pou entèveni, eksepte si entèkansyon an ta mete an danje sekirite anplwaye a oswa elèv (yo). Si gen yon rezon pwezib pou panse anplwaye a pa t kapab rezoud zafè a, oswa si entimidasyon an kontinye, anplwaye dwe rapòte ensidan an bay administratè ki apwopriye an pou yo kapab fè ankèt.
- b. *Se pou elèv ak Paran denonse Entimidasyon* – Elèv ak paran ki vin konnen de sityasyon entimidasyon ta dwe rapòte li bay administratè ki apwopriye a pou yo fè ankèt. Epi tou, elèv oswa paran yo gendwa rapòte yon ensidan entimidasyon grasa youn nan twa opsyon rapò sou wèbsayt entimidasyon distri a, lè yo ale nan <http://www.norwood.k12.ma.us/page.php?pid=615>. Yo aksepte rapò “anonim”; sepandan, yo p ap pran okenn aksyon disiplinè kont yon elèv sou labaz yon rapò anonim. Kèlkeswa elèv la ki vanje li kont yon lòt elèv poutèt rapò entimidasyon an ap dwe sibi konsekans disiplinè yo. Epi tou, kèlkeswa elèv la ki fè yon fo deklarasyon pou entimidasyon oswa reprezay ap dwe sibi konsekans disiplinè yo.
- c. *Ankèt* – Sizoka gen ensidan sive-dizan entimidasyon oswa ensidan ki pèsistan, sibè-entimidasyon oswa reprezay, yon administratè pral ankete sou zafè a. Ankèt la gendwa gen ladann men san li pa limite ak konvèsasyon ak elèv, paran epi anplwaye lekòl la.
- d. *Entèkansyon/Konsekans/Estrateji Prevansyon* – Si entimidasyon an pwouve, administratè apwopriye an pral pran mezi rezonab pou sipann epi anpeche li tounen. Mezi sa yo gen ladann men pa limite ak separasyon ak sipèvizyon elèv ki enplike yo; kontakte paran/gadyen swa-dizan koupab la ak de viktim la; medyasyon ant de (2) elèv yo; founi sipò konsèy pou elèv yo ak opsyon sèvis referans bay manm fanmi yo ki apwopriye, jan sa nesè; kowòdone yon plan sipèvizyon ak asistans anplwaye yo; kontra pou elèv ak elaborasyon yon plan sekirite; reyinyon ak Ofisye Resous Lekòl la. Elèv yo ki te entimide oswa fè reprezay kont moun gendwa sibi aksyon disiplinè, ikonpri avètisman, konferans ak paran yo, detansyon, sisipansyon epi/oswa ekspilasyon. Si administrasyon lekòl la deside yon ensidan entimidasyon oswa reprezay te dewoule vreman, administratè ki apwopriye a pral notifiye depatman lapolis lokal la si administrasyon an kwè yo gendwa depoze akizasyon penal kont koupab la.

Elèv yo ki fè entimidasyon pandan yo lekòl, nan nenpòt ki evènman lekòl la òganize, an rapò ak oubyen ak kèlkeswa aktivite oswa envènman distri la esponsorize, oubyen pandan yo prale oswa tunen lekòl, elèv sa yo ap sibi aksyon disiplinè, ki gen jiska sipansyon oswa ekspilasyon. Se pou yo notifiye ofisye polis yo konsènan ensidan entimidasyon yo.

NOTE: Sibè-entimidasyon enkli nan kad règlemantasyon Tiliv sa a.

ABI AK NEGLIJANS SOU TIMOUN

Chapit 439 – yon lejislasyon ki mande pou komisyon lekòl yo notifiye pèsonèl lekòl la konsènan egzijans pou fè rapò konsè abi ak neglijan sou timoun.

Chapit 71 Lwa Jeneral yo amande palaprezant lè seksyon sila a ensere apre §37K:
Seksyon 37L – Komisyon lekòl la pou chak vil, minisipalite oswa distri rejyonal lekòl pral enfòmè pwofesè, administatè ak lòt anplwaye pwofesyonèl yo osijè egzijans pou rapòte abi ak neglijan sou timoun jan sa endike nan §51A jiska §51F, enkli, nan Chapit 119.

Yo gendwa jwenn tèks Chapit 119, §51A, nan Lwa Jeneral sou Lekòl, Komisyon ak Pèsonèl Lekòl. N ap travay ak Biwo Egzekitif Sèvis Imen an pou entrodwi nouvo lwa sa.

POLITIK SOU EGZIJANS C.O.R.I. YO

Se pral politik Lekòl Piblik Norwood yo pou obteni tout Enfòmasyon Dosye Delenkan Kriminèl (C.O.R.I.) nan men Depatman Sèvis Enfòmasyon Penal (DCJIS) pou kandida anplwaye yo oswa kandida volontè (yo) nan Depatman Lekòl la, ikonpri kèlkeswa moun ki konn transpòte timoun yo regilyèman pou lekòl la, ki gen kontak dirèk ak san siveyans ak timoun yo, anvan pou anboche anplwaye (yo) oswa anvan pou aksepte nenpòt moun antanke volontè. Lejislasyon Eta a mande pou distri lekòl yo chèche jwenn done C.O.R.I. anplwaye konpayi taksi ki kontrakte ak lekòl yo pou transpòte elèv yo.

Sipèrentandan an, oswa si Sipèrentandan absan, Sipèrentandan Adjwen an pral peryodikman, men pa mwens pase yon fwa chak 3 lane, chèche jwenn tout Enfòmasyon Dosye Delenkan Kriminèl nan men Konsèy Sistèm Antesedan Penal pou tout anplwaye, moun ki transpòte timoun yo regilyèman, ikonpri anplwaye konpayi taksi y oak volontè yo ki gen kontak dirèk ak san siveyans ak timoun, pandan tout dire kontra yo oswa sèvis yo antanke volontè.

POLITIK KONSÈNAN LYE TRAVAY KI PA GEN DWÒG

Lekòl Piblik Norwood yo gen anpil enterè nan asire sante ak sekirite anplwaye li yo.

Pou pwoteje enterè sa a, Komisyon Lekòl Norwood la pral:

1. Enfòmè tout anplwaye yo osijè (a) danje ki genyen nan pran dwòg; (b) disponibilite terapi ak reyabilitasyon pou anplwaye ki pran dwòg; (c) penalite yo gendwa aplike pou anplwaye ki pran dwòg; epi (d) politik pou kenbe sit travay la san dwòg.
2. Notifiye tout anplwaye yo ke prodiksyon, distribisyon, miza dispozisyon, posesyon oswa itilizasyon ilegal yon sibstans kontwole entèdi nan sit travay la epi kèlkeswa vyolasyon nan règleman sa a ap antrene mezi disiplinè ikonpri revokasyon anplwaye a.
3. Notifiye anplwaye yo, antanke kondisyon anplwaman pou yo respekte tèm ak kondisyon ak pwovizyon politik sa a.
4. Enfòmè anplwaye yo, antanke kondisyon anplwaman, yo dwe notifiye Sipèrentandan Lekòl yo alekri senk (5) jou oplita aprè yo te kondane pou yon enfraksyon ak lejislasyon pou anpeche dwòg sou lye travay.
5. Apatide de koulye a, òganize yon wpogram anyèl konsyantizasyon sou dwòg pou nouvo anplwaye yo nan kad yon kanpay jefò bòn fwa ki p ap

janm sispann pou kenbe lye travay la san dwòg. Referans estatitè: Lwa sou Lye Travay san Dwòg ki nan lane 1988, 34CFR - Pati 85, sou-pati F. Komisyon Lekòl Norwood te egzekite l 22 dawout 1990.

PWOSEDI FÈMTI LEKÒL ANN IJANS

Lè li nesèsè pou fèmen lekòl la poutèt yon ijans/tanpèt yo anonse nan radyo/TV (al gade seksyon Enfòmasyon Pa gen lekòl pou kapab jwenn plis enfòmasyon). Tanpri sonje telefòn lekòl la gendwa okipe pandan ijans lan ak lè ki deziyen pou ranvwaye elèv yo poutèt n ap bezwen rele andeyò lekòl la.

Lekòl Piblik Norwood yo gendwa rakousi jounen lekòl nòmal la poutèt sityasyon ijans, tankou chofaj la pa mache, pann elektrisite, pa gen presyon dlo oswa move tan.

Lè yo ranvwaye tout moun nan lekòl la bonè sou otorite Sipèrentandan an, yo pral fè tout tantativ pou notifiye paran yo grasa Connect Ed, medya a ansanm ak lòt sous enfòmasyon piblik. **Paran ki travay oswa ki pa lakay yo ta dwe fè aranjman pou swen pitit yo lè lekòl la fèmen. Li enperatif pou nimewo kontak ou nan ka ijans touju ajou.**

LWA DWA EDIKASYON AK VI PRIVE FANMI YO (FERPA)

Non, adrès ansanm ak lòt enfòmasyon konsènan elèv yo se Règlemantasyon sou Dosye Elèv ak Lwa sou Edikasyon ak Vi Prive Fanmi yo (FERPA).

Pandan lane a, lekòl la gendwa divilge sou World Wide Web oswa pou piblikasyon non, adrès, klas, patisipasyon yon elèv nan aktivite ki ofisyèl ak espò, sètifika, rekonpans ak pri, epi plan apre lekòl segondè san konsantman elèv ki elijib la oswa paran li. Aktivite edikasyon ak pèfòmans fotografye ak anrejistre regilyèman pou bilten nouvèl lekòl la, jounal lokal ak estasyon televizyon pa kab lokal yo. Selon Lwa sou Dwa Edikasyon ak Vi Prive Fanmi yo (FERPA), ou gen dwa enfòmasyon lekòl la nan yon delè rezonab ke ou pa vle pou yo divilge sèten enfòmasyon san ou pa bay konsantman alavans. Si w pa vle sèten oswa tout enfòmasyon osijè pitit ou an divilge, tanpri voye Direktè a yon notifikasyon alekri.

PRAN FOTO EPI FILME ELÈV YO

Pandan lane lekòl la, Lekòl Piblik Norwood yo gendwa otorize divès òtorizasyon tankou medya nouvèl lokal ak gwoup paran pou yo faotgrafye oswa filme elèv yo k ap fè yon aktivite ki gen pou wè ak pwogram lekòl yo. Foto sa yo gendwa afiche sou tablo anons, nan yon bilten nouvèl, yon jounal, nan yon estasyon televizyon ak aksè edikasyonèl oubyen sèten kalite piblikasyon edikasyon ki fèt pou ilistre oswa dekri yon aktivite Lekòl Piblik Norwood esponsorize oswa pwomouvwa. Si paran yo gen yon preyokipasyon konsènan timoun yo k ap parèt nan foto oswa tep yo, se pou y notifiye lekòl la alekri.

BIZOUTAJ

Yon Lwa ki entèdi pratik bizoutaj la - Chapit 536

Kèlkeswa si se Sena a oswa Chanm Depite yo ki pwomilge li nan Asanble Jeneral, ak anba otorite Asanble a, jan sa dekri annapre a:

Chapit 269 Lwa Jeneral yo ki amande lè yo te ajoute seksyon sila yo:

Seksyon 17 – Kèlkeswa moun ki se òganizatè prensipal oswa patisipan nan zak bizoutaj la, jan sa defini la a ap pini ak yon amann ki pa depase mil dola oswa yon anprizonman nan yon mezon koreksyon ki pa depase san jou oswa toulede, yon amann ak anprizonman.

Tèm "*bizoutaj*" jan yo itilize li nan seksyon sa a ak nan seksyon dis-uit ap vle di kèlkeswa konpòtman oswa metòd inisyasyon nan kenepòt òganizasyon etidyan, kèlkeswa si se sou pwopriyete piblik oswa prive, ki menase entansyonèlman oswa avèk neglijans sante fizik ak mantal kèlkeswa elèv oswa lòt moun. Konpòtman sa a gen ladann fwete, bat, makaj, jimnastik syedwaz fòse, ekspozisyon a lameteyo, konsomasyon fòse de kèlkeswa manje, like, bweson, dwòg oubyen nenpòt ki lòt aktivite fizik ki fòse ki pwobabman gen yon efè negatif sou sante fizik ak sekirite elèv sa a oswa moun sa a, oubyen ki mete elèv oswa moun sa a anba estrès mantal ekstrèm, ikonpri anpeche l dòmi oswa repo pandan lontan oswa gwo izolasyon.

Seksyon 18 – Kèlkeswa moun ki konnen yon lòt moun te viktim bizoutaj jan sa defini nan seksyon dis-sèt epi epi ki prezan sou lye zak la, nan la mezi moun sa a kapab rapòte zak sa a lapolis san danje oswa peril pou li oswa pou lòt moun depi sa posib. Kèlkeswa moun ki pa denonse zak sa a ap pini ak yon amann ki pa ka depase senk san dola.

POLITIK OSIJÈ DEVDADMEZON

Yo bay devwadmezon pou kontinye pwosesis aprantisaj la lè yo defye chak timoun pou yo etidye indepandan. Li ofri yon ekstansyon aktivite yo elè yo te kòmansè nan salklas la anba oryantasyon ak direksyon pwofesè yo.

Pwofesè a pral planifye devwa yo avèk prekosyon; esplike epi deontre elève yo nan klas la kisa chak devwa a mande, egzamine, korije epi remèt chak devwa elèv la fini; epi enfòme paran yo touswit si devwadmezon yo pa fini kòrèkteman.

Paran/gadyen yon pitit ta dwe ede elèv la devlope bonjan abitud etid lakay yo lè yo mete dekote peryòd tan ki apwopriye; montre ou enterese ak ou vle ede pitit la fè devwa li yo; òganize yon kote ki apwopriye pou etidye; ede elèv yo òganize tan yo ant devwa alontèm ak akoutèm; epi ankouraje pitit yo chèche asistans endividyèl nan men pwofesè lè devwa yo difisil.

LWA OSIJÈ REFÒM EDIKASYON MASSACHUSETTS LANE 1993

Lwa sa a mete anplas kreyasyon yon Konsèy Lekòl nan chak lekòl prime, segondè ak pwofesyonèl endepandan nan Commonwealth of Massachusetts. Objektif Konsèy la se pou konseye Direktè a osijè divès domèn depi bidjè jiska korikolòm. Òganizasyon sa a trè diferan de Konsèy tradisyonèl PTA a. Konsèy Lekòl la gen ladann paran, pwofesè ak yon manm kominote a an jeneral ak Direktè a. Yo pral òganize eleksyon yo pandan peryòd lotòn nan lane lekòl la.

LWA KONSÈNAN NOTIFIKASYON PARAN YO

Konfòmman ak M.G.L, Chapit 71, § 32A, yon paran gen dwa egzanpte pitit yo de kèlkeswa pati nan korikolòm la ki gen pou wè **prensipalman** ak edikasyon seksyèl moun oswa pwoblèm seksyalite imèn. Pou resevwa egzanpsyon sa a, se pou yon paran voye yon demann alekri bay Direktè a pou mande yon egzanpsyon pou pitit yo. Yo p ap penalize okenn elèv ki egzanpte de pati nan korikolòm sa a. Si w ta renmen yon apèsi de korikolòm sa a, kontakte Direktè a.

POLITIK KONSÈNAN PASAJ ELÈV YO

Nivo Primè – Ritm aprantisaj elèv yo gendwa varye epi, konfòmman ak sa, kantite tan ki nesèsè pou yo metrize korikolòm la pou yon sèten nivo klas ap varye tou. Yo praal pran desizyon pou fè elèv la pase oswa fè l double selon sa ki annapre a:

- A. Desizyon an pral baze sou sa ki pibon pou pitit la.
- B. Yo pral teni kont de devlopman entelekyèl, kapasite akademik, nivo akonplisman ak matirite fizik/sosyal li.
- C. Bezwen endividyèl ap etabli ansanm ak yon pwogram edikasyon pou satisfè bezwen sa yo.
- D. Plasman elèv yo se yon responsabilite pataje anlwaye yo ak direktè a an kowoperasyon ak paran elèv la.

Nan tout nivo Sistèm Lekòl la:

- A. Egzijans ak sikonstans yo pou double/pase pou elèv yo anba Edikasyon Espesyal se pral desizyon yon Ekip Evalyasyon ki pran li konfòmman ak Règlemantasyon Edpatman Edikasyon Eta a.
- B. Yo gendwa fè kèlkeswa eksepsyon nan politik pasaj la sèlman apre direktè a konsidere epi apwouve l, men Sipèrentandan Ekòl yo gendwa revwa desizyon an.

POLITIK KONSÈNAN DISKRIMINASYON AK PÈSEKISYON

Lè l ap ofri menm opòtinite nan edikasyon bay tout elèv yo san diskriminasyon, se politik Lekòl Piblik Norwood yo pou respekte nèt Chapit 76, §5 nan M.G.L., Tit VI Lwa Dwa Sivil 1964, Tit IX Amanman Edikasyon yo nan lane 1972, §504 nan Lwaq sou Reyabilitasyon nan lane 1973, Tit II Lwa Ameriken ki gen Andikap nan lane 1990, epi Politik konsènan Pèsekisyon seksyèl Komisyon Lekòl Norwood la.

Politik Lekòl Piblik Norwood yo konsènan Chapit 76, §5, Tit VI, Tit IX , Seksyon 504 , Tit II, ak pèsekisyon seksyèl anpeche diskriminasyon poutèt ras, koulè, sèks yo, oryantasyon seksyèl, idntite seksyèl, relijyon oswa orijin nasyonal ak andikap yo, tankou difikilte pou tande oswa pou wè, nan domèn sila yo: admisyon nan sistèm lekòl la; admisyon nan klas etid yo; opòtinite oryantasyon; òf korikolòm, aktivite ekstrikirikilè; bousdetid ak rekonpans finansye; anlwa; ak itilizasyon enstalasyon yo.

Epitou, yo etabli yon pwosedi doleyans pou elèv ak anlwaye yo. Pwosedi doleyans lan kòmanse ak direktè bilding la kote diskriminasyon oswa pèsekisyon an te rive. Si yo pa jwenn yon rezolisyon nan nivo bilding lan 20 jou lekòl oplita apre yo te resevwa plent la, yo pral voye zafè a bay Sipèrentandan-Adjwen an traidman, jan sa posib, ikonpri kèlkeswa enfòmasyon ki sèvi kòm prèv. Sipèrentandan-Adjwen an ap mennen yon ankèt su zafè a epi l ap reponn tout kesyon yo alekri 20 jou oplita apre li resevwa plent ki pa rezoud la. Si li apwopriye, plan yo pou korije kèlkeswa inegalite yo ap enkli nan repons la. Nan ka yon dwa-dizan pèsekisyon seksyèl, premye etap la pral gen ladann yon deskripsyon pèsekisyon moun ki deklare li viktim pèsekisyon an ap fè.

Si plent lan pa rezoud oswa pa rezoud selon satisfaksyon pleyan an, li gendwa plase yon petisyon devan Sipèrentandan Lekòl yo alekri. Sipèrentandan an sowa

moun li deziyen an, pral mennen tou yon ankèt epi eseye rezoud pwoblèm la, 20 jou oplita apre li resevwa plent ki pa rezoud lan. Sipèrentandan an pral reponn demandè a alekri apre ankèt la. Se pou yo kenbe yon fichye apa su tout aksyon yo pran nan kad pwosedi doleyans lan.

Komisyon Lekòl la pral sèvi antanke konsèy apèl lokal an dènye resò pou kèlkeswa zafè Sipèrentandan an oswa moun li nonmen an pa kapab rezoud. Ou kapan jwenn aksè nan Komisyon Lekòl la ak yon notifikasyon alekri bay Prezidan an ki dekri pwoblèm la epi ki mande opòtinite pou revwa zafè a devan Komisyon Lekòl la. Se pou yo tache dokiman ak demann alekri pou revizyon an.

Sizoka gen yon plent, men lis moun ak ajans ki apwopriye yo:

Lekòl yo

Norwood High School	George Usevich, Direktè	781-769-2333
Coakley Middle School	Jacqueline Mann, Direktè	781-762-7880
Balch School	Jean Selines, Direktè	781-762-0694
Callahan School	Robert Griffin, Direktè	781-762-0693
Cleveland School	Nancy Coppola, Direktè	781-762-6522
Oldham School	Wesley Manaday, Direktè	781-769-2417
Prescott School	Brianne Killion, Direktè	781-762-6497
Willett School	Diane Ferreira, Direktè	781-762-6805

Distri

Mr. James Hayden, *Sipèrentandan Lekòl yo*
James R. Savage Educational Center
275 Prospect Street
Norwood, MA 02062
781-762-6804 ext. 5819

Dr. Alec Wyeth, *Kowòdonatè Tit VI ak Tit IX ak Seksyon 504*
Sipèrentandan Adjwen Lekòl yo
James R. Savage Educational Center
275 Prospect Street
Norwood, MA 02062
781-762-6804 ext. 5816

Mrs. Carole Poirier, *Kowòdonatè Tit I*
Asistan Sipèrentandan Lekòl yo Korikolòm Klas Primè/Sibvansyon
James R. Savage Educational Center
275 Prospect Street
Norwood, MA 02062
781-762-6804 ext. 5815

Paul Riccardi, *Kowòdonatè ADA*
Direktè Bilding/Lakou rekreyasyon yo
James R. Savage Educational Center
275 Prospect Street
Norwood, MA 02062
781-762-6804 ext. 5830

McKinney-Vento (Sanzabri) Kowòdonatè
Asistan Administrativ Sipèntandan Lekòl y
James R. Savage Educational Center
275 Prospect Street
Norwood, MA 02062
781-762-6804 ext. 5819

Anplis de pwosedi anlè yo, kèlkeswa elèv oswa anplwaye a gendwa rapòte yon doleyans dirèkteman bay ajans ki liste yo:
Massachusetts Commission Against Discrimination
One Ashburton Place
Boston, MA 02108
617-727-3990

Office for Civil Rights
J.W. McCormack Post Office & Court House
Boston, MA 02109
617-223-9662

Se pou yo voye kesyon konsènan politik oswa demann pou jwenn tèks konplè règlemantasyon Komisyon Lekòl la bay Biwo Sipèntandan Lekòl yo.

EDIKASYON ESPESYAL

Règlemantasyon Edikasyon Espesyal nan Massachusetts asire ke elèv ki elijib yo resevwa sèvis edikasyon espesyal ki fèt pou devlope potansyèl edikasyon endividyèl elèv la nan anviwònman ki mens restriktif ke posib konfòmman ak règlemantasyon deferral ak Eta a ki aplikab.

Pou kapab satisfè bezwen yon timoun pou li aprann an dedan kad ki mwens restriktif ki posib, chak lekòl ofri sèvis yon Ekip Sipò pou Elèv. Yon gwoup pwofesè ak espesyalis travay men nan lamen pou idantifye epi mete anplis aranjman nan salklas la ak modifikasyon pou sipòte tout elèv k ap aprann nan kad pwogram edikasyon regilye a.

Lè entèvansyon yo mete anplis sou rekòmandasyon Ekip Sipò Elèv la pa jwenn siksè pou satisfè bezwen timoun lane pi Ekip lan kwè yon andikap ap afekte pwogrè timoun lan, Ekip la pral rekòmande yon evalyasyon edikasyon espesyal. Yon ekip espesyalis ki kalifye fè evalyasyon yo nan domèn andikap yo sispekte a. Sa gendwa gen ladann yon pwofesè, yon konseye, yon nès, yon sikològ, yon pwofesè aprantisaj pou andikape ak lòt nenpòt ki lòt espesyalis ki nesèsè.

Ansanm avèk paran yo, Ekip Edikasyon Espesyal la chèche konnen si elèv la gen yon andikap, li idantifye kalite andikap li ye epi li fòmile yon Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP) pou pitit la.

SEKSYON 504

Yo ofri aranjman selon Seksyon 504 bay tout elèv yo jwenn ki gen andikap fizik sowa mantal ki limitee anpil yun oswa plizyè aktivite lavi ki enpòtan (ikonpri aprann). Lekòl la gen responsab pou idantifye, evalye ei, si yo wè timoun lan elijib anba seksyon 504, pou ofri aksè nan sèvis edikasyon apwopriye yo. Elèv yo jwenn ki andikape anba Seksyon 504 lan bezwen yon

repons nan men anplwaye edikasyon nòm (jeneral) la nan kad korikòlòm jeneral la. Yon ekip moun ki konnen elèv la (ikonpri paran/gadyen yo) pral analize kalite andikap elèv la genyen pou wè si ak kijan andikap la afekte edikasyon elèv la, epi pou chèche konnen ki aranjman epi/oswa sèvis ki nesèsè yo. Yon varyete aranjman ak sèvis yo ofri konfòmman ak Plan Aranjman 504; ki dokimante epi analize peryodikman. Ofisye Konfòmite Anchèf la se Kowòdonatè 504 pou distri a.

REPOUS-POU-ENTÈVANSYON (RTI)

Repons-pou-Entèvansyon se yon pwosesis ki gen ladann pwovizyon enstriksyon ak entèvansyon ki sistematik ak baze sou larechèch bay elèv ki gen difikilte. Li asime ke enstriksyon/entèvansyon yo koresponn ak bezwen elèv yo epi ke siveyans pwogrè a san enteripsyon. Epi tou, RTI konsevwa antanke entèvansyon bonè pou anpeche echèk akadmeik alontèm. Kidonk, RTI gendwa ranplase e/oswa ogmante modèl dekalaj Q.I. nan idantifikasyon andikap nan aprantisaj yo.

Yo konsidere RTI tankou yon sèvis edikasyon jeneral, men yo kapab entwodwi li tou nan kad edikasyon espesyal.

KARAKTERISTIK ENPÒTAN YO – Annapree la a gen yon lis karakteristik enpòtan yon pwosesis RTI:

RTI se prensipalman yon inisyativ edikasyon jeneral ki fèt pou abòde bezwen elèv ki gen difikilte yo bonè nan eksperyans edikasyon yo.

RTI baze sou yon modèl rezolisyon pwoblèm ki sèvi ak done pou rfasilite priz desizyon yo.

Entèvansyon RTI yo aplike sistematikman epi yo soti nan pratik ki baze sou larechèch.

RTI depann anpil nan siveyans pwogrè ak kolèk done.

Se yon ekip pwofesyonèl milti-disiplin ki fè, mete anplas epi siveye plan entèvansyon RTI yo.

RTI gendwa ranplase modèl dekalaj Q.I. pou chèche jwenn prezans yon andikap nan aprantisaj.

MODÈL 3 NIVO AN

Nivo I – pwovizyon egzaminasyon jeneral ak entèvansyon angwoup ki reprezante anjeneral pwogram enstriksyon fondamantal la. Si enstriksyon sa a diferansyon yon fason ki apwopriye, 80-90% elèv yo pral reponn epi reyalize pwen referans ki etabli yo. Evalyasyon yo fèt twa (3) oswa kat (4) fwa pa ane.

Nivo II – si elèv yo pa fè pwogrè ki apwopriye yo nan Nivo I, yo pral bay sèvis pi entansif ak entèvansyon ki pi sibler, anjeneral nan yon tigwoup, anplis de enstriksyon nan korikòlòm jeneral la. Yo pral siveye pwogrè an pi pre, omwens 2 fwa pa semèn, epi entèvansyon yo ki baze sou larechèch gendwa dire anviwon sis (6) a dis (10) semèn.

Nivo III – pou elèv ki pa reyaji byen ak entèvansyon sibler nan Nivo II, yo pral konsidere elijibilite pou sèvis edikasyon espesyal anba Lwa Edikasyon pou Moun ki Andikape (IDEA 2004). Yo gendwa bezwen fè plis tès epi elèv yo ta resevwa entèvansyon ki endividalize ak entansif ki sibler defisyans nan konpetans yo.

ZAM

Seksyon 37 - Seksyon 37L nan Chapit 71 Lwa Jeneral yo, jan li ekri nan Edisyon Ofisyèl 1990 lan, amande palaprezant poutèt yo ajoute paragaf sila yo:

Epitou, nenpòt ki anplwaye depatman lekòl dwe rapòte alekri bay sipèvizè imedya yo yon ensidan ki gen pou wè ak yon elèv ki an posesyon oswa k ap sèvi ak yon zam sou pwopriyete lekòl nenpòt kilè.

Sipèvizè yo ki resvwa yon rapò sou zam sa a de pote li bay sipèntadan lekòl la, ki pral prezante kopi rapò sou zam sa a opre chef lapolis lokal la, Depatman Sèvis sosyal, biwo sèvis pou elèv oswa yon ekivalan li nan kèlkeswa distri lekòl, epi komisyon lekòl lokal la. Sipèntandan sa a, chèf lapolis la ak reprezantan ki soti nan Depatman Sèvis sosyal, ansanm ak yon reprezantan ki soti nan biwo sèvis pou elèv yo oswa ekivalan li, ap òganize yon evalyasyon de elèv la ki anplike nan rapò sou zam la. Yo pral voye elèv sa a nan yon pwogram terapi; akondisyon, sepandan, ke terapi sa a konfòm ak estanda ki akseptab konsèy edikasyon te apwouve. Depi li fin fè yon sesyon terapi, moun ki te entèveni nan premye evalyasyon an pral fè yon evalyasyon kòm swivi.

Yon elèv k ap transfere nan yon sistèm lokal dwe prezante nouvo sistèm lekòl la yon dosye akadèmik konplè pou elèv k ap antre a. Dosye sa yo dwe gen ladann, san yo pa limite ak, kèlkeswa ensidan ki gen pou wè ak sispansyon oswa vyolasyon zak kriminel oubyen kèlkeswa rapò sou ensidan kote yo te enkilpe elèv la ak yon zak sispandi kèlkonk.

KÒD DISIPLIN POU LEKÒL PRIMÈ

Objektif kòd disiplin lekòl primè a se ofri direktiv ki klè ak konsistan pou yon anviwònman aprantisaj ki san danje. Pou kapab reyalize objektif sa a, nou atann nou aske elèv yo respekte tèt yo ansanm ak lòt moun epi pou yo tavay epi jwe san danje.

Elèv yo responsab pou aksyon yo epi yo dwe aksepte konsekans desizyon yo pran. Yo dwe konnen adilt yo renmen yo ase pou yo vle pou yo respekte règ lekòl la. Anplwaye lekòl la response pou korije elèv si yo pa aji kòrèkteman nenpòt kilè pandan lajounen lekòl la.

Se responsablite pwofesè a pou li kenbe disiplin nan salklas la, nan bilding lekòl la ak nan lakou rekreyasyon an. Move konpòtman ap debouche sou nesesisite pou pwofesè pran aksyon korektiv oubyen yo pral refere elèv la nan bilding dirktè a. **Referans yo pou aksyon disiplinè ta ka debouche, men pa limite ak sa ki annapre a: kontak ak paran yo, avètisman vèbal, entèdiksyon ale nan rekryasyon, detansyon apre-lekòl, restitasyon konplèt, sispansyon andedan oswa andeyò lekòl la, egzijans pou yo fè yon evalyasyon sante mantal oswa pou yo pran aksyon devan tribinal, lè li apwopriye.**

Se lentansyon Lekòl Piblik Norwood yo pou yo kreye epi kenbe yon anviwònman ki san danje ak sekirize nan chak bilding lekòl la. Anplis de estanda konpòtman ki make nan tiliv elèv la, Direktè a gen pouvwa diskresyonè pou deside si yon aksyon reprezante yon menas pou mentyen anviwònman an ki san danje ak sekirize. Mentou, Direktè a gen pouvwa diskresyonè pou deside ki aksyon disiplinè ki apwopriye.

PWOSSESIS EKITAB

Tout elèv yo dwe benefisye yon aplikasyon ekitab de lalwa chak fwa yo retire yo dwe pou edikasyon poutèt eksklizyon de enstriksyon nan salklas nòmral oswa aktivite lekòl la, ikonpri sispansyon, ekspilsyon ak retrè de privilèj li yo. Dwa pou pwosesis ekitab gen ladann dwa pou jwenn yon dosyans ki ekitab anvan kèlkeswa eksklizyon ki endike anlè yo, eksepte pou yon retrè ann ijan pou jiska 2 jou jan sa dekri nan M.G.L. Chapit 71, §37H ³/₄ kote yo pral òganize yon odyans 2 jou oplita de peryòd tan an.

Kòd Konpòtman Lekòl Piblik Norwood sipoze entriktif, pa pinitif, epi li baze sou prensip disiplin ki prevantif ak pozitif. Li konsantre sou fson pou abòde move konpòtman, rezoud konfli, satisfè bezwen elèv yo epi kenbe elèv yo lekòl la pou yo parann. Zak disiplinè gendwa varye depi yon ti zak jiska ensidan ki derespekte lejislasyon an epi ki gendwa gen yon efè negative sou anviwònman jeneral lekòl la. Epi tou, direktè lekòl lagendwa aplike estrateji disiplinè ki ale depi aktivite entèvansyon tankou chanje plas kote elèv yo chita oswa voye li nan yon lòt klas oubyen ekspilsyon de lekòl la selon gravite enfraksyon an.

Men kategori sispansyon yo anba la a:

Sispansyon andedan lekòl la vle di yo retire yon elèv nan aktivite salklas nòmral li yo, men yo kite li rete lekòl la, pandan dis (10) jou konsekitif opls oswa pa plis pase dis (10) jou lekòl youn dèyè lòt pou divès enfraksyon pandan lane lekòl la. Si yo retire elèv la sèlman pou li pa patisipe nan aktivite ekstrakirikilè oswa evènman lekòl la esponsorize, oubyen toulede, sa p ap konte kòm sispansyon pou kalkile jou lekòl yo.

Sispansyon akoutèm vle di retire yon elèv de lekòl la ak de aktivite salklas nòmral yo pandan dis (10) jou lekòl youn dèyè lòt oswa mwens. Yon direktè gendwa deside pou li otorize yon elèv pou li rete lekòl la pandan sispansyon akoutèm li. Si yo retire elèv la sèlman pou li pa patisipe nan aktivite ekstrakirikilè oswa evènman lekòl la esponsorize, oubyen toulede, sa p ap konte kòm sispansyon pou kalkile jou lekòl yo.

Sispansyon alontèm vle di yo retire elèv la sou pwopriete lekòl la ak aktivite salklas nòmral pou plis pase dis (10) jou lekòl youn dèyè lòt pou divès zak disiplinè nan yon lane akademik. Si yo retire elèv la sèlman pou li pa patisipe nan aktivite ekstrakirikilè oswa evènman lekòl la esponsorize, oubyen toulede, sa p ap konte kòm sispansyon pou kalkile jou lekòl yo. Eksepte pou elèv ki kondane poutèt yon zak disiplinè ki endike nan sou-seksyon (a) oswa (b) nan M.G.L. Chapit 71, §37H, oswa nan §37H ¹/₂ nan M.G.L., Chapit 71, pa gen okenn elèv yo gen dwa plase nan sispansyon alontèm pandan plis pase katve-dis (90) jou lekòl nan yon ane akademik ki kòmanse konte depi nan premye jou yo retire elèv la nan lekòl la. Li pa posib pou yon sispansyon alontèm depase apre ane lekòl la kote yo te pwononse sispansyon an fini.

Retrè Ann Ijans vle di retire tanporèman yon elèv ki kondane pou yon zak disiplinè ak prezans kontini elèv la poze yon danje pou moun oswa pwopriete a, oubyen ki twouble an gran apti epi anpil lòd nan lekòl la, epi selon jijman direktè yo, pa gen okenn altènativ ki disponib pou redwi danje an oswa dezòd la.

Ekspilsyon vle di yo retire elèv la nan lekòl la, nan aktivite salklas ak nan aktivite lekòl la pandan plis pase katve-dis (90) jou lekòl, pa yon dire ilimite oswa pou toujou, jan sa otorize anba M.G.L. Chapit 71, §37H oswa 37H ¹/₂

pou: (a) posesyon yon zam danjre; (b) posesyon yon sibstans ki kontwole; (c) atak sou yon pwofesè; oubyen (d) akizasyon pou yon zak oswa yon plent oswa yon konviksyon pou delenkans ki konstitye yon zak deva lajistis, oubyen adjidikasyon oswa admisyon kilpabilite ki gen pou wè ak zak sa a, si yon direktè detèmine prezans kontini yon elèv ta gen yon efè negatif sou byennèt jeneral lekòl la, jan sa endike nan M.G.L. Chapit71, §§37H oswa 37H ½.

Règlemantasyon Eta a (603 CMR 53.04) pa anpeche yon administrate lekòl la pou li mennen yon ankèt, ikonpri entèvyouve elèv yo, pou envestige yon ensidan disiplinè ki gen pou wè ak lekòl la.

Anvan pou yon direktè enpoze yon **sispansyon andeyò lekòl la** antanke yon konsekans pou yon zak disiplinè, l ap:

- bay elèv la ak paran an yon avi aloral ak alekri,
- bay elèv la yon opòtinite pou yon odyans konsènan akizasyon an ak paran an opòtinite pou patisipe nan odyans sa a, epi
- avi alekri a pral gen ladann:
 1. zak disiplinè an;
 2. jistifikasyon akizasyon an;
 3. konsekans potansyèl, ikonpri dire posib sispansyon elèv la;
 4. opòtinite pou elèv la gen yon odyans ak direktè a osijè sispansyon ki pwopoze a, ikonpri opòtinite pou konteste akizasyon yo epi pou prezante espplikasyon elèv la konsènan prezime ensidan an, epi pou paran an ale nan odyans lan;
 5. dat, lè ak adrès odyans lan;
 6. dwa elèv la ak paran elèv la pou jwenn sèvis yon tradiktè nan odyans lan, si li bezwen youn pou li patisipe;
 7. si elèv la gendwa plase an **sispansyon alontèm** apre odyans ak direktè a:
 - a. Dwa ki endike nan 603 CMR 53.08 (3)(b).
 - b. Anvan odyans lan, elèv/paran an jwenn opòtinite pou gade dosye ak dokiman elèv la ki sèvi de baz pou direktè a.
 - c. Elèv la gen dwa pou yon avoka oswa yon moun ki pa ekspè reprezante li epi se li ki pou peye li.
 - d. Elèv la gen dwa prezante temwen epi prezante espplikasyon elèv la osijè ensidan an. Temwen/viktim elèv la pa bezwen resevwa okenn lòd tribinal la pou fè yo vini si direktè a deside, aloral oubyen alekri nan odyans lan ke idantifikasyon temwen elèv la oubyen prezans yon temwen/viktim ki rekonesab nan odyans lan ta mete andanje sekirite li oswa koze yon entimidasyon. Tout temwne yo dwe benevòl epi se pou yon gadyen akonpaye yo si yo gen mwens pase 18tan.
 - e. Elèv la gen dwa kont-entewoje temwen distri lekòl la prezante. Tout temwne yo dwe benevòl epi se pou yon gadyen akonpaye yo si yo gen mwens pase 18tan.
 - f. Elèv la gen dwa mande pou yo anrjiste odyans lane pi pou resevwa yon kopi odyo, si direktè a mande yon dosye odyo.
 - g. Sispansyon alontèm pou piplis pase dis (10) jou youn dèyè lòt gendwa konteste pa apèl opre sipèrentandan an twa (3) jou olupita apre desizyon direktè a epi li gendwa pwolonje jiska sèt jou sivil sou demann.

- Direktè a pral fè jefò rezonab pou notifiye paran an aloral osijè opòtinite pou patisipe nan odyans lan. Pou òganize yon odyans san paran an prezan, se pou direktè a kapab dokimante li fè jefò rezonab pou enkli paran an. Direktè a prezime li te fè jefò rezonab si direktè a te voye yon avi alekri epi li te dokimante omwens de (2) tantativ pou kontaakte paran an nan fason paran an te endike pou notifikasyon ijan yo.
- Avi alekri paran an gendwa livre an pèsòn, nan sèvis lapòs premyè klas, kourye rekòmande, imèl nan yon adrès paran an bay pou kominikasyon ak lekòl la oubyen nenpòt ki lòt metòd livrezon direktè ak paran an apwouve.

Anvan pou yon direktè enpoze yon **sispansyon andedan lekòl la** antanke konsekans pou yon zak disiplinè, l ap fè sa ki annapre a:

- Direktè a pral enfòmè elèv la konsènan zak disiplinè nan akizasyon an ak baz pou akizasyon an, epi l ap bay elèv la opòtinite pou konteste akizasyon an epi esplike sikonstans konsènan ensidan an. Si direktè an deside elèv la te fè zak disiplinè a, direktè pran enfòmè elèv la konsènan osijè dire sispansyon elèv la andedan lekòl, ki pa kapab depase 10 jou, kimilativman oswa youn apre lòt, pandan yon ane lekòl.
- Menm jou desizyon sispansyon andedan lekòl la, direktè a pral fè jefò rezonab pou notifiye paran an aloral konsènan zak disiplinè a, rezon pou rive nan konklizyon ke elèv la te komèt yon enfrazyon ak dire sispansyon andedan lekòl la. Direktè a pral envite paran nan yon reyinyon pou diskite pèfòmans akademik ak konpòtman elèv la, estrateji pou angajman elèv la ak repons ki posibl pou chanje konpòtman an. Reyinyon sa a pral pwograme nan jou sispansyon an si sa posib, sinon touswit apre, si posib. Si direktè a pa kapab kontakte paran an apre li te fè epi li dokimante omwens de (2) tantativ kontak, esè sa yo ap konstitye efò rezonab pou enfòmè aloral paran an konsènan sispansyon andedan lekòl la.
- Direktè a pral voye elèv ak paran an yon avi alekri osijè sispansyon nan lekòl la, ikonpri rezon ak dire sispansyon nan lekòl la, epi l ap envite paran an vin nan yon reyinyon ak direktè a. Avi alekri paran an gendwa livre an pèsòn, nan sèvis lapòs premyè klas, kourye rekòmande, imèl nan yon adrès paran an bay pou kominikasyon ak lekòl la oubyen nenpòt ki lòt metòd livrezon direktè ak paran an apwouve.

Kèlkeswa moun lan ki gen sispansyon nan lekòl la, sistansyon akoutèm, sispansyon alontèm oswa ekspilasyon ap gen opòtinite pou pran kredi, jan sa aplikab, fè ratrapaj, tès, disètasyon ansanm ak lòt travay lekòl bay jan sa nesèsè pou fè pwogrè akademik pandan peryòd li p ap ale nan salklas oswa lekòl la. Direktè a pral enfòmè elèv ak paran an konsènan opòtinite sa a alekri lè sispansyon oswa ekspilasyon an aplike. Nan tout sityasyon kote gen sispansyon andeyò lekòl pou elèv Jadendanfan-3yèm Klas, direktè a dwe voye yon kopi desizyon alekri an bay Sipèntandan an epi esplike pouki rezon li enpoze sispansyon an, anvan pou sispansyon akoutèm la kòmanse aplike.

Yo retire elèv la ann ijans – Yo gendwa retire yon elèv pou de (2) jou lekòl omaksimòm apre dat sispansyon ann ijans lan si yo akize elèv la de yon enfrazyon disiplinè epi prezans kontini elèv la poze yon danje pou moun oswa pou pwopriyete oswa poutèt li twouble anpil ak yon fasyon siyifikatif lòd nan lekòl la, epi, selon jijman direktè a, pa gen okenn altènativ pou redwi danje oswa dezòd la. Direktè a pral notifiye sipèntandan an touswit alekri konsènan

ranvwa tanporè elèv la ak pou ki rezon li, epi l ap dekri danje elèv la prezante. Epiou, direktè a:

- Li pral fè jefò imedya ak rezonab pou notifiye aloral elèv la ak paran elèv la konsènan ranvwa tanporè ann ijans lan, rezon pou yo ranvwaye li tanporèman ak pwosedi swivi ki etabli pou yon sispansyon andeyò lekòl, jan sa esplike anlè a.
- Bay paran yo opòtinite pou patisipe nan odyans lan anvan de (2) jou lekòl fin pase, eksepte si direktè, elèv ak paran an dakò pou pwolonje peryò tan an pou yo òganize yon odyans.
- Direktè a pral pran yon desizyon aloral nan menm jou an ak odyans lan, epi alekri pwochen jou lekòl la oplita ki konsistan ak desizyon li te pran pou yon sispansyon akoutèm/lontèm.

Tèks konplè Règlemantasyon Disiplinè pou Elèv la disponib sou wèbsayt Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts nan:

<http://www.doe.mass.edu/lawsregs/603cmr53.html>

Elèv yo bare ki te komèt enfraksyon sila yo gendwa ranvwaye (sispansyon):

- A. FIMEN, BWÈ BWESON KI GEN ALKÒL LADANN, POSESYON, ITILIZASYON SIBSTANS ENTÈDIT swa sou wout lekòl la oubyen sou teren lekòl la;
- B. Atak sou yon anplwaye oswa sou pwopriyete li;
- C. Pèsekisyon pwofesè ak elèv san rete;
- D. Brimad san rete de elèv (yo);
- E. Mete dife oswa lòt ensidan vandalism ekstrèm;
- F. Posesyon yon kouto nenpòt kalite;
- G. Itilizasyon oswa menas pou itilize yon objè kòm yon zam;
- H. Menas pou fè yon moun ditò oswa vyolans sou yon lòt moun;
- I. Fè pwomosyon vyolans nan kominikasyon alekri, aloral oswa lòt kalite;
- J. Posesyon oswa itilizasyon yon zam ki danjre (fizi, eksplozif, elatriye), jan sa defini nan Règ ak Règlemantasyon Lekòl la ak Chapit 269 nan Lwa Jeneral yo;
- K. Elèv la pa respekte oubyen li defye tout tan epi/oswa entansyonèlman direktiv nenpòt anplwaye lekòl k ap aji lejitimman nan kapsite ofisyèl yo;
- L. Koze entansyonèlman epi/oswa eseye domaje pwopriyete lekòl la.
- M. Koze entansyonèlman oswa eseye koze lòt moun fwape oswa blese eksepte nan sityasyon lejitim defans; epi
- N. Fè sonnen sonri dife a anba fo pretèks jan lawa Eta a defini l.
- O. Entimidasyon, jan sa defini nan *“Chapit 92 Lwa 2010 – YON LWA OSIJÈ ENTIMIDASYON NAN LEKÒL YO.”*

Règ espesifik konsènan enfraksyon grav make anba la a. Se pou yo rapòte youy enfraksyon yo bay Administratè an pou li wè ki desizyon li pral pran. Si elèv yo pa respekte règ sila yo, yo gendwa dwe ale nan sispansyon:

- A. Elèv yo pa otorize goumen youn ak lòt. Yo gen dwa ranvwaye elèv ki komèt zak sa yo nan lekòl la.
- B. Elèv yo pral itilize langaj ki akseptab. Yo p ap tolere elèv di betiz oswa jès ki obsèn.
- C. Elèv yo pa gen dwa kite pwopriyete lekòl la pandan gen lekòl san pèmision Direktè oswa moun li deziyen an.

- D. Lwa Eta a di li obligatwa pou timoun ale lekòl. Tout absans kip a otorize dwe rapòte bay administrasyon an ak paran/gadyen an.
- E. Je owaza pa otorize sou pwopriyete lekòl la.
- F. Pandan yon dife/egzèsis ijans oswa evakyasyon ann ijans, elèv yo dwe swiv enstriksyon yo konsènan pwosedi kòrèk la pou yon evakyasyon ki rapid, san danje ak san dezòd.
- G. Elèv yo pa p modifiye dokiman lekòl oswa lèt paran yo. Yo gen dwa ranvwaye elèv ki komèt zak sa yo nan lekòl la.
- H. Elèv ki malelve, ki manke moun respè oswa ki dezobeyisan ap dwe ale nan biwo a. Si elèv la kontinye malelve, fè dezòd nan salklas la oswa gen move konpòtman yo gendwa ranvwaye li (sispansyon).
- I. Aparèy/jwèt elektwonik, radyo, bipè ak pwentè lazè pa otorize sou pwopriyete lekòl la san pèmisyon espesifik direktè a.
- J. Si paran an deside elèv la bezwen yon selilè pou sityasyon ijans/sekirite, se pou li etenn selilè a epi kenbe li nan sakado li an pandan jounen lekòl la.
- K. Vòlè oubyen eseye vòlè pa otorize sou pwopriyete lekòl la epi y ap pini elèv la jan sa dekri nan gid elèv la.

Lekòl la p ap responsab pou pwopriyete ki pèdi oswa yo vòlè.

Se pou yo remake pòte kòd disiplin sa a enkli tout aktivite ki gen pou wè ak lekòl, ikonpri transpò ale-retou lekòl la. Elèv yo gen dwa fè apèl kont desizyon disiplinè devan Sipèrentandan Lekòl la.

KONPÒTMAN NAN KAFETERYA A

- A. Yo atann yo aske timoun yo konpòte yo kòrèkteman lè y ap manje nan kafeterya a menmjan yo ta dwe konpòte yo lakay yo.
- B. Pandan yo nan kafeterya a, elèv yo ta dwe fè respè yo epi pou yo janti ak pèsònèl kafeterya a.
- C. Elèv yo dwe tann an liy nan lòd – yo pa dwe pouse, fè tenten oswa pale fò.
- D. Elèv yo dwe rete chita devan tab yo jiskaske yo kite yo ale.
- E. Elèv yo ta dwe baril yo, yo plase pou jete fatra ladann.
- F. Tout elèv yo dwe gen bon konpòtman ak respè pou dwa lòt moun.
- G. Konvèsasyon yo dwe fè ak "vwa yo itilize andedan kay".
- H. Tout ekipman lakou a ta dwe rete nan yon zòn kafeterya a yo kite pou sa.

KONPÒTMAN NAN OTOBIS LEKÒL LA

Jounen lekòl la kòmanse lè yon elèv kite lakay li epi li fini lè li tounen. Elèv yo anba jiridiksyon administrasyon lekòl la pandan tout peryòd sa a.

Monte nan bis lekòl la se yon bagay ki pratik pou elèv ki rezide pi lwen pase distans lokal ak Eta a deziyen pa rapò a lekòl yo. Se yon privilèj tout moun ta dwe apresye. Premye preyokipasyon tout moun ki itilize bis lekòl la se sekirite.

Bon konpòtman se yon garanti sekirite li ye. Fè bri, rele, elatriye ap distrè chofè a epi sa gendwa fè elèv yo blese. Li esansyèl pou elèv yo kowopere ak chofè bis la pou sekirite tout moun ki konsène yo.

A. Se pou tout elèv yo:

- Yo pa kanpe twò pre wout la pandan y ap tann pou bis la rive. Se pou yo pa voye anyen ni fè dezòd nan arè otobis la.
- Yo vin chèche yo epi yo depoze yo sèlman nan arè kote otobis la rete nòmalman.
- Yo dwe monte nan bis la san fè dezòd, ale dirèkteman kote yo pral chita a epi pou yo rete chita jiskaske yo rive nan destinasyon an.
- Yo dwe kenbe bra, men ak janm yo andedan bis la.
- Yo pa dwe mete tout atik tankou liv, ekipman atletik, enstriman mizik, elatriye, nan koulwa yo.
- Yo pa gen dwa finen nan oken bis lekòl la.
- Yo pa gen dwa manje ni bwè nan bis lekòl la.
- Y opa gen dwa fè dezòd, ikonpri rele fò oswa fè gribouyaj nan otobis la.
- Y opa gen dwa jete fatra ni kraze andedan bis yo.
- PÒT IJANS LAN SE POU IJANS SÈLMAN YO DWE ITILIZE LI.
- Elèv yo pa dwe manyen san rezon ekipman sekirite andedan otobis la.

Elèv yo ki pa konprann responsabilite yo lè yo monte nan bis lekòl la gendwa renonse privilèj yo pou monte nan bis la swa TANPOREMAN OUBYEN POU TOUJOU. Yo P AP RANBOUSE fanmi yo pou chaj yo pèdi si yo retire pitit yo de bis la pou rezon disiplinè.

B. Elèv yo ap respekte pwosedi rapò alekri sila yo ansanm ak aksyon ki vini apre sa yo:

- Yon rapò alekri osijè move konpòtman chofè otobis la pral fè dirèkteman aby direktè bilding lan. Rapò sa a ap debouche sou yon ankèt soup lent lan direktè a mennen epi/oswa moun li deziyen an.
- Lè direktè a panse sa apwopriye, paran/gadyen yo pral resevwa yon “premye” notifikasyon alekri konsènan pwoblèm la ki gen ladann yon avètisman ki di ke dezyèm notifikasyon an pral retire privilèj pitit la pou li monte nan bis la pandan yon (1) semèn.
- Twazyèm notifikasyon alekri an ap mande pou yo òganize yon konferans ak paran yo epi lè sa a, apre konsiltasyon ak Biwo Sipèrentandan Lekòl la, yo gen dwa ekskli elèv la pou li pa monte nan bis lekòl la pou rès ane akademik la.

Yo p ap fè okenn elèv desann yon bis pandan yon deplasman. Yo pral voye rapò alekri chofè yo bay direktè bilding lan. Yo pral voye enfòmasyon konsènan ankèt la bay moun ki deziyen pou sa nan biwo santral la.

Lè gen plis pase kèk elèv k ap fè dezòd, chofè a ta dwe rete bis la sou kote wout la oswa rete nèt, mande pou dezòd la sispann epi endike bis la pral tounen lekòl la si kontinye gen dezòd. Si li nesèsè, chofè pral tounen lekòl la pou administrate a kapab pran mezi sanksyon.

Pasaje yo responsab pou pwoteje otobis la epi moun ki dimaje li pral dwe ranbouse founisè transpò a pou domaj yo.

DISIPLIN ELÈV KI ANDIKAPE

Tout elèv yo dwe satisfè egzijans konpòtman ki endike nan gid sa a. Lwa ak Règleman Federal mande pou yo fè pwovizyon adisyonèl pou elèv ki andikape.

Direktè a oswa moun ki deziyen an pral notifiye Direktè Sèvis pou Elèv la konsènan enfraksyon pouki yo gendwa ranvwaye yon elèv ki swa gen yon IEP oswa yon Plan Aranjman 504.

Pèsonèl Administratif Lekòl la gendwa ekskli yon elèv ki andikape de lekòl la poutèt li pa respekte disiplin men pa plis pase 10 jou youn dèyè lòt (nan la mezi altènativ yo aplike pou elèv ki pa gen andikap), epi pou ranvwa adisyonèl ki pa depase 10 jou nan men mane lekòl la pou ensidan move konpòtman separe (depi ranvwa sa yo pa konstitye yon chanjman plasman) ki ekivalan ak disiplin yo pa enpoze elèv ki pa andikape. IDEA 2004, §615 (k) (1) (B).

Aprè yo ranvwaye yon timoun ki andikape de plasman li pou jounen lekòl nan menm ane a, pandan kèlkeswa lòt jou ranvwa apre sa, se pou timoun lan kontinye resevwa sèvis ki pèmèt li patisipe nan korikòlòm edikasyon jeneral la, menmsi se nan yon lòt kad, epi pou li pwogrese pou atenn objektif yo ki mane nan IEP pitit la; epi se pou pitit la resevwa, jan sa apwopriye, yon evalyasyon de konpòtman fonksyonèl li, ansanm ak sèvis konpòtman ak modifikasyon yo ki konsewa pou adrese vyolasyon konpòtman an pou li pa rekòmanse.

10 jou oplita apre nenpòt desizyon pou chanje plasman yon timoun ki andikape poutèt yon vyolasyon yon kòd konpòtman pou elèv, paran(yo) ansanm ak manm apwopriye Ekip IEP pitit la dwe resevwa tout enfòmasyon pètinan nan dosye elèv la, ikonpri IEP pitit la, kèlkeswa obsèvasyon yon pwofesè fè, ak nenpòt ki enfòmasyon pètinan paran oubyen gadyen an bay pou chèche konnen si:

1. Konpòtman an kesyon an te koze oswa te gen yon rapò dirèk oubyen sibstansyèl ak andikap pitit la, oswa
2. Konpòtman an kesyon an te yon rezilta dirèk de echèk distri a pou mete anplas IEP a. Konpòtman an dwe se yon manifestasyon andikap timoun lan si distri, paran ak manm pètinan nan Ekip IEP pitit la wè ke yon definisyon nan paragraf (i) oubyen (ii) te reyalyze. Ekip la pral tire konklizyon, yon desizyon manifestasyon, antanke relasyon ant move konpòtman elèv la ak sityasyon andikap li, fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl si li apwopriye, epi modifiye oswa amande IEP a pou bay sèvis Edikasyon Espesyal pandan sispansyon an oubyen pou enkli plan entèvansyon konpòtmantal la. Si distri a, paran(yo) ak Ekip IEP a rive nan konklizyon konpòtman an te yon manifestasyon de andikap pitit la, Ekip IEP la dwe:
 - (a) Swa (a) fè yon evalyasyon konpòtmantal fonksyonèl eksepte si distri a anvan konpòtman an ki te pwovoke chanjman an plasman an te rive epi mete anplas yon plan entèvansyon konpòtmantal pou timoun la; oswa(b) si yo te gen tan devlope yon plan entèvansyon konpòtmantal, revwa plan entèvansyon konpòtmantal la epi modifiye li jan sa nesèsè pou adrese konpòtman an epi
 - (b) Eksepte jan sa nedike nan 34CFR 300.530(g) nan seksyon sa a, remete timoun lan nan plasman an kote yo te retire li, eksepte si paran an ak distri a dakò pou yon chnajman nan plasman an nan kad modifikasyon plan entèvansyon konpòtmantal la.

Gen kèk sikonstans espesyal kote distri a gendwa retire yon elèv epi plase li nan yon kad Edikasyon Altènativ Enterimè san gade ki yo jwenn konpòtman an

se rezilta andika pitit la. Espesifikman, pèsònèl lekòl la gendwa retire yon elèv nan Kad Altènatif Enterimè pandan pa plis pase 45 jou san gade si konpòtman an se rezilta manifestasyon andikap pitit la si timoun lan:

1. Pote yon zam oubyen posede yon zam lekòl la, sou pwopriyete lekòl la oubyen pote oubyen posede yon zam pandan yon evènman lekòl la òganize ki anba jiridiksyon distri a, oswa:
2. Li posede oswa li te pran dwòg oswa li vann oubyen solisite lavant de yon sibstans ki kontwole pandan li lekòl la, sou pwopriyete lekòl la oubyen nan yon evènman lekòl la òganize anba jiridiksyon distri a, oswa:
3. Li te enflije yon lòt moun yon domaj fizik grav pandan li te lekòl la, sou pwopriyete lekòl la oswa nan yon evènman lekòl la òganize anba jiridiksyon distri a.

Nan dat lè yon te fè desizyon an konsènan sa ki konstitye yon chanjman plasman yon timoun ki andikape akòz yon vyolasyon kòd konpòtman lekòl la, se pou distri a notifiye paran yo osijè desizyon an, epi founi paran yo avi sou pwoteksyon pwosediral ki dekri nan 34CFR 300.504. Direktè bilding la pral notifiye Direktè Sèvis Elèv la epi l ap notifiye apre sa Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè, jan lalwa mande sa konsènan plan daksyon yo pral mete anplas. Subsequent amendments to state or federal law will supersede contrary handbook provisions.

Yon elèv ki pa elijib pou Edikasyon Espesyal gendwa pwoteje anba règlemantasyon IDEA 2004 si yo gendwa panse distri a te gen konesans ke elèv la te gen yon andikap. Se pou distri a gen prezonpsyon ke li te gen konesans ke pitit la te gen yon andikap anvan pou konpòtman ki te pwovoke aksyon disiplinè te rive:

1. Paran timoun lan ekprime preyokipasyon alekri li bay yon sipèvizè oswa pèsònèl administratif yon ajans edikasyon apwopriye oubyen yon pwofesè pitit la, kòmkiwa pitit la bezwen Edikasyon Espesyal ak sèvis ki an rapò ak sa, oubyen:
2. Paran pitit la te mande yon evalaysyon timoun lan konfòmman ak Seksyon 300.300 jiska 300.311, oswa:
3. Pwofesè pitit la oubyen lòt anplwaye distri a te ekprime yon preyokipasyon espesifik konsènan tandans konpòtman timoun lan dirèkteman bay Direktè Sèvis pou Elèv ajans lan oswa bay yon lòt anplwaye sipèvizyon ajans lan.

Yo pa kapab konsidere distri a gen konesans lan si:

1. Paran pitit la:
 - (a) Pat otorize yo fè evalaysyon pitit la konfòmman ak 34 CFR300.300 jiska 300.311, oswa
 - (b) te refize sèvis selon IDEA a
2. Pitit la te fè yon evalaysyon konfòmman ak Sec. 300.300 jiska 300.311 epi yo decide se pa t yon timoun andikape selon pati sa a.

Si distri a pa gen konesans ke yon timoun andikape (konfòmman ak paragraph (b) ak (c) nan seksyon sa a) anvan pou li pran mezi disiplinè kont timoun lan, pitit la gendwa dwe sibi mezi disiplinè ki aplikab pou timoun ki pa andikape ki

gen menm kalite konpòtman yo. Si yon fè yon demann pou evalyasyon pou pitit la pandan peryòd tan kote pitit la ap sibi mezi disiplinè anba 34 CFR 300.530, evalyasyon a dwe fèt yon fason ki akselere.

Jiskaske evalyasyon an fini, timoun la nap rete nan plasman edikasyon an otorite lekòl yo chwazi, ki gen ladann sispansyon oswa ekspilasyon san sèvis edikasyon. Si yo deside pitit la andikape, pran an konsiderasyon enfòmasyon ki sot nan evalyasyon paran yo bay, ajans land we bay Edikasyon Espesyal ak sèvis asosye konfòmman ak pati sa a, ikonpri egzijans 34 CFR 300.530 jiska 300.536 ak IDEA 2004 seksyon 6129(a)(1)(A).

Paran pitit la ki gen yon andikap kip a dakò ak kèlkeswa desizyon konsènan plasman an nan kontèks desizyon manifestasyon an epi ki pans eke si yo kenbe pitit yo nan menm plasman an sa gen anpil chans pou li koze yon domaj pou pitit la oswa gen lòt ki gendwa fè apèl kont desizyon an lè yo mande yon odyans devan Biwo Apèl pou Edikasyon Espesyal ki nan Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Depatman Massachusetts.

Disiplin pou Elèv ki Andikape Anba Seksyon 504

1. Antanke lejislasyon ki entèdi diskriminasyon, Seksyon 504 anpeche distri a sanksyone elèv ki andikape plis pase elèv ki pa andikape nan menm sikonstans yo. Epitou, yo gendwa ranvwaye tanporèman oswa pou toujou elèv yo idantifye ki andikape anba Seksyon 504 pandan plis pase 10 jou nan yon lane lekòl pou move konpòtman ki konsekans andikap elèv la.
2. Si yon sispansyon pa depase 10 jou youn dèyè lòt epi elèv la pa gen plis pase 10 jou sispansyon kimilatif pandan ane lekòl sa a, yo gendwa sanksyone elèv la menm fason ak yon elèv ki pa andikape nan menm sikonstans yo. Yo gendwa sispann elèv la pou piplis pase 10 jou lekòl, youn dèyè lòt oubyen kimilativman, sèlman si Ekip Seksyon 504 la deside konpòtman anan kesyon pa t yon manifestasyon andikap elèv la.
3. Si yo pwopoze aplike yon sispansyon ki ap depase limit 10 jou a, Ekip Seksyon 504 lan ta dwe kontre epi pran yon desizyon ki rele ‘detèminasyon sou manifestasyon’ konfòmman ak pwosedi evalyasyon 504 distri a.
4. Sepandan, yon evalyasyon detèminasyon sou manifestasyon pa nesèsè, san gade dire sispansyon oswa ekspilasyon an, si elèv la ap konsome alkòl oswa dwòg ilegal epi konpòtman an ki debouche sou yon aksyon disiplinè se yon enfraksyon ki gen pou wè ak alkòl oswa dwòg. Nan sikonstans sa yo, yo gendwa disipline elèv la menm jan ak lòt elèv nan menm sikonsans yo.

SÈVIS SANTE LEKÒL LA

“Yon timoun dwe an sante pou li ka aprann epi yon timoun dwe aprann sa pou l fè pou rete an sante” Depatman Sante Piblik MA

EGZIJANS SANTE POU ADMISYON LEKÒL LA

1. Vaksinasyon - Chapit 76, §15 nan Lwa Jeneral Massachusetts egzije pou timoun yo vaksinen kont difteri, tetanòs, tibèkilòz, polio, woujòl, mal mouton, koklich, epatit B, HIB ak varisèl oswa pou yo prezante yon

sètifika maladi yon doktè bay **anvan pou yo antre lekòl la** eksepte si gen egzansyon medikal oswa poutèt relijyon ki aplike. Tanpri pale ak nès lekòl pitit ou an oswa al gade wèbsayt Lekòl Piblik Norwood la pou jwenn tout detay osijè egzijans vaksinasyon pou chak timoun, poutèt kondisyon yo varye selon laj pitit yo.

2. Egzamen fizik – Chak timoun ki antre nan Jadendanfan oswa nan 1ye Klas, ak nan 4yèm, 7yèm ak 10yèm Klas oblije selon Lalwa Eta a pou yo fè yon egzamen fizik. Nouvo elèv yo oblije fè yon egzamen fizik anvan pou yo antre oswa pandan premye ane yo anrejistre nan lekòl la. Li obligatwa pou elèv yo pase yon tès pou detekte tras plon pandan egzamen fizik lan epi pou yo make rezilta a pou elèv jadendanfan/1ye klas kapab anrejistre.

MALADI, PREMYE SWEN AK IJANS YO

Chak ane yo mande pou paran yo mete ajou enfòmasyon pou kapab kontakte yo nan ijans yo kenbe nan biwo lekòl la pou pitit yo. Li **trè enpòtan** pou enfòmasyon rete ajou. Si yo bezwen kontakte paran yo, li esansyèl pou nou gen non kòrèk yo, adrès ak nimewo telefòn yo.

Paran/gadyen elèv ki gen maladi kwonik ta dwe kontre ak nès lekòl la epi etabli yon plan swen sante pou pitit ou lekòl la. Nès lekòl la pral evalye maladi grav yo. Men kèk direktiv jeneral pou voye yon timoun lakay li lè li lekòl:

lagrip/touse; tanperati li depase 100 degre; doulè lestomak ak vomisman/dyare; maladi enfeksyèz tankou anjin, lagratèl ki pa gen okenn orijin yo rekonèt, dèmatomikòz, enpetigo ak konjonktivit; epi doulè tankou doulè nan zòrèy, nan dan oswa maltèt. Direktiv sa yo itil tou pou paran/gadyen yo pou yo kapab deside si timoun lan ta dwe rete lakay li pou jounen an. W ap dwe pote yon lèt yon doktè ekri pou chak absans lekòl poutèt maladi ki dire plis pase 2 jou. Tout paran/gadyen yo ta dwe kontakte nès lekòl la si yo genpreyokipasyon osijè eta sante pitit yo.

Si yon timoun blese, gen yon aksidan oswa lòt kalite ijans, nès lekòl la pral bay premye swen yo jiskasko yo kapab kontakte paran yo. Sizoka ta gen yon ijans grav, yon anbilans pral mennen pitit la lopital.

Elèv ki blese andeyò lekòl la ki bezwen bekiy oswa lòt aranjman lekòl la dwe prezante yon lèt doktè yo ekri.

Pou paran ki gen kwayans relijyèz ki anpeche yo itilize sèvis asistans medikal sa yo, se pou yo prezante lekòl la yon deklarasyon siyen ki esplike sityasyon an.

ADMINISTRASYON MEDIKAMAN AK PRESKRIPSYON EPI SAN PRESKRIPSYON

Lekòl Piblik Norwood yo egzije pou yo remèt yo fòm sila yo anvan pou yo kapab administre kèlkeswa medikaman avèk oswa san preskripsyon lekòl la:

1. **Konsantman paran oswa gadyen an siyen pou yo kapab bay medikaman an.** Fòm yo disponib lekòl la oswa sou wèbsayt NPS lan, tanpri siyen yo epi remèt yo nès lekòl la.
2. **Òdonans doktè a pou medikaman.** Yo gendwa fakse oubyen remèt nès la pèsònèlman òdonans doktè a ki alekri.

3. Se pou yo renouvle chak ane akademik òdonans doktè yo ansanm ak pèmision paran yo.

Paran/gadyen yo ta dwe vin remèt medikaman yo bay nès lekòl la. Se pou yo gen bon etikèt la sou yo epi pou yo nan yon kontenè famasi oswa prodiktè a te bay. Tanpri mande famasi w bay boutèy apa pou lekòl ak pou lakay la.

EGZAMEN SANTE YO

Tout elèv ki nan 5yèm, 7yèm ak 9yèm Klas dwe fè egzamen chak an pou zye ak pou zòrèy. Yo egzamine elèv yo ki nan 5yèm jiska nan 9yèm Klas pou detekte si yo gen pwoblèm do. Nès lan pral notifiye paran ak gadyen timoun ki pa reyisi tès pou zye, zòrèy oswa do yo.

Yo peze epi mezire tout elèv ki nan 1ye Klas, 4yèm, 7yèm ak 10zyèm Klas yo epi gen yon rapò konsènan Endis Mas Kòporèl (BMI) chak elèv answan ak pousantil ki kalkile a disponib pou paran/gadyen ki fè demann lan opre nès lekòl la.

Dr. Mark Stone, ki se dantis lekòl la, pral egzamine dan timoun kinan 1ye jiska 6yèm Klas pandan chak peryòd lotòn. Yo pral voye paran yo rezilta egzamen an nan lapòs epi y ap voye elèv yo ale nan Klinik Dantè Lekòl la swa pwòp danis prive pa yo pou netwayaj ak tretman pou kari. Klinik Dantè Lekòl la ki sitye nan Board of Health ki nan Meri Norwood la faktire \$1.00 pou netwayaj ak \$1.00 pou chak dan pou tretman kari yo. Pran randevou epi pwogram sèvis transpò a fè pati de pwogram egzamen klinik sa a.

Paran/gadyen legal ki pa vle pitit yo patisipe nan sèten oubyen nan tout egzamen lekòl yo dwe notifiye alekri nès lekòl la osijè demann lan. Si gen egzamen Eta a egzije timoun yo fè (zye, zòrèy, do ak BMI) se pou yo prezante yon rapò ki dokimante egzamen doktè a te fè.

Yo konn fè tès pou (tibèt ki ponn ze nan cheve) si sa nesèsè pandan ane lekòl la. Yo ankouraje paran yo pou rapòte lè timoun yo gen pou nan cheve yo bay nès lekòl la pou li kapab teste lòt timoun tou. Y ap voye tounen lakay touswit kèlkeswa timoun yo wè ki enfeste ak pou nan tèt li. Nès lekòl la pral paran yo enfòmasyon konsènan tretman kont pou nan cheve epi kanmarad lekòl yo ap remèt paran/gadyan an yon lèt pou enfòm li de sityasyon an. Timoun ki gen pou nan cheve yo p ap kapab retounen lekòl jiskaskè nès la te enspekte tèt yo epi li wè yo pa gen pou ankò. Yo gendwa gen ni toujou. Se nès lekòl la ki pral decide si timoun lan kapab tounen lekòl.

DOSYE SANTE YO

Nès la kenbe yon dosye fizik ak elektwonik (konpitè) pou chak timoun. Li gen ladann vaksinasyon, rezilta egzamen ki endike anlè yo, wotè, gwosè, dosye egzamen fizik ansanm ak lòt enfòmasyon medikal ki pètinan. Tout vizit nan klinik sante ak swen nès la bay anrejistre tou nan konpitè. Lekòl Piblik Norwood yo angaje li pou pwoteje zafè prive elèv yo. Enfòmasyon medikal ap rete sekrè eksepte si nou resevwa konsantman yon paran/gadyen te siyen.

ENFÒMASYON POU KONTAKTE NÈS LEKÒL LA

Si w bezwen kontakte nès lekòl la dirèkteman, men nimewo yo:

Balch	440-5933	Callahan	440-5943
Cleveland	440-5953	Oldham	440-5963
Prescott	440-5973	Middle School	440-5926
High School	352-3519	Willett	440-5982

Ou gendwa kontakte Lidè Nès Lekòl Piblik Norwood la nan 781-352-3535

POLITIK OSIJE BYENNÈT

Distri Lekòl Piblik Norwood la angaje li pou ofri anviwònman lekòl ki pwomouvwa epi pwoteje sante, byennèt ak kapasite pou aprann timoun yo; pou fè sa, yo asiste epi yo aprann yo manje manje ki sen epi fè aktivite fizik.

Politik Byennèt la asire li:

- Pwogram Nitrisyon Lekòl la ap respekte lejislasyon federal ak Eta a toulejou
- Distri a ap respekte lwa Eta MA ki rele “Yon Lwa Konsènan Nitrisyon nan Lekòl” (M.G.L.c.111, §222)
- Edike tout elèv yo kijan pou gen bon nitrisyon
- Li edike fanmi yo ak kominote a nan zafè nitrisyon
- Li Pwomouvwa edikasyon sou lasante nan kokminote lekòl la

Konsèy Sante Lekòl la gen ladann paran/gadyen, pwofesè, nès, pwofesyonèl nitrisyon ak sèvis manje, manm kominote a ki enterese yo pou zafè sa yo ansanm ak direktè yo kontre kat (4) fwa pa ane pou siveye, evalye ak pwomouvwa Politik Byennèt Lekòl Piblik Norwood la. Tanpri kontakte Jane McLucas nan 781-440-5828 si w ta renmen patisipe nan Konsèy la. Konsèy Sante Lekòl la ankouraje devlopman abitud manje ki sen pou tout lavi ak aktivite fizik pou tout elèv nan kèlkeswa klas yo ye a; pou fè sa, yo deside:

- Limite kantite fèt yo òganize nan salklas yo
- Ankouraje fèt kote pa gen manje/sonje anivèsè
- Dekouraje rekonpans yo bay ak manje
- Dekouraje sanksyon ki oblije elèv la rate klas edikasyon fizik li kòm pinisyon

ASIRANS

Plan asirans ki kouvri tout timoun pandan yo sou chimen pou ale lekòl oswa pou tounen lakay yo pandan aktivite lekòl, oswa pandan yon peryòd 24èdtan konplè, disponib grasa yon politik lekòl pou volontè. Plan sa yo disponib pandan mwa septanm. Yo pral voye yon notifikasyon lakay ou lè sa a.

BOZA

Boza se yon eksperyans edikatif ki esansyèl nan lemon timoun yo. Yon bonjan pwogram boza vizyèl kidonk se yon pati esansyèl nan devlopman ak kwasans konplè tout timoun. Korikolòm edikasyon primè pou boza ofri yon bakgrawn pou konprann vokabilè, materyo, teknik ak apresyasyon boza. Estrateji entegrasyon entèdisiplinè, miltikiltirèl ak teknoloji ankouraje epi reyalize tou. Objektif korikolòm sa a prezante ak enstriksyon sekansyèl pandan yon leson chak semn avèk yon pwofesè boza. Timoun jadendanfan yo kontre pandan yon klas ki dire 35 minit epi 1ye jiska 5yèm Klas yo kontre pou yon klas 45 minit. Korikolòm Boza Vizyèl pou Klas Primè Norwood aliyen ak Kad Travay Boza Vizyèl Massachusetts la.

PWOGRAM JOUNEN PWOLONJE - SYLVIA DELANEY 781-440-5874

Pwogram Jounen Pwolonje Norwood la se yon gadri lajounen pou timoun ki gen paran li yo k ap travay. Pwogram apre-lekòl la, Lekòl Piblik Norwood ap esponsorize, reyini nan James R. Savage Educational Center ant 3:00 ak 6:00PM epi li asiste tout timoun nan lekòl primè depi nan jadendanfan jiska nan 5yèm Klas – jou lekòl yo sèlman. Kontni pwogram la se aktivite lwazi/edikasyon epi li gen yon rapò de 1 pwofesè akredite ak asistan pou chak 10 elèv. Gen otobis nan chak lekòl ki pral mennen elèv ki rete apre jounen lekòl la nan sant pwogram la. Gen yon Pwogram pandan Peryòd Lete pou timoun 5kan ak 6zan ak pou timoun k ap antre nan 2yèm Klas jiska nan 5yèm Klas.

SANTE/EDIKASYON FIZIK

Edikasyon sou Lasante/Edikasyon Fizik se yon aspè enpòtan nan devlopman fizik ak edikatif tout timoun. Sante, fitnès ak amizan sepawòl ki rezime pwogram sa a byen. Yo konsevwa klas yo pou ofri konesans epi devlope konpetans ki pral pwomouvwa mòdvi ki aktif. Tout elèv Jadendanfan jiska 5yèm Klas ap resevwa ni edukasyon sou lasante ni edukasyon fizik yon pwofesè sante ak edukasyon ap anseye timoun yo. Korikolòm Sante/Edikasyon Fizik la konpatib ak direktiv etabli nan Kad Travay Korikolòm Massachusetts yo (Massachusetts Curriculum Frameworks).

BIBLIYOTÈK

Chak lekòl primè gen yon bibliyotèk. Yo pwograme klas yo pou elèv kapab vini pou vizite bibliyotèk ak tout klas yo, ki gen ladann enstriksyon ak sikilasyon. Pwofesè a pral enfòmè paran yo kilè peryòd bibliyotèk pitit yo pwograme pou yo kapab ede timoun yo remèt liv yo san reta. Paran ki volontè ape de bibliyotèk lekòl la. Kontakte reprezantan PTA ou an oswa biwo lekòl la si w ta enterese tounen volontè nan bibliyotèk. Se responsabilite paran/gadyen an pou ranplase liv bibliyotèk ak materyèl ki pèdi oswa ki domaje.

ESPESYALIS ALFABETIZASYON

Wòl espesyalis la gen plizyè aspè ladann poutèt ki regwoupe anpil sèvis ak responsabilite. Li responsab prensipalman pou dirije epi kowòdone pwogram lekti a nan 1ye Klas jiska nan 5yèm Klas. Yo òganize tou ti gwoup etid pou sible bezwen espesifik elèv yo.

Espesyalis alfabetizasyon an ofri asistans san rete bay anplwaye pwofesyonèl yo nan **domèn devlopman alfabetizasyon. Li enpòtan pou byen konprann kad travay langaj ak literati Massachusetts lan. Espesyalis alfabetizasyon an kreye epi define modèl** anpil leson lekti ak ekriti enpòtan pou pwofesè salklas pou amelyore konpreyansyon yo de enstriksyon ki baze sou estanda.

Evalyasyon se yon pati entegral nan pwogram lang ak literati an epi se responsabilite espesyalis alfabetizasyon yo pou fòme anplwaye yo pou yo mete anplas dosye kouran, yon pwosedi enfòmèl pou swiv pwogrè elèv yonan lekti. Espesyalis alfabetizasyon an sèvi tou tankou yon dyagnostisyen epi li fòme tou pou administre epi entèprete anpil evalyasyon dyagnostik. Li esansyèl pou gen konesans ak ekspètiz nan evalyasyon poutèt yo rele espesyalis alfabetizasyon an pou li prezante rezilta tès yo ansanm ak rekòmandasyon pou enstriksyon bay Ekip Asistans pou Elèv ak Edikasyon Espesyal yo.

MIZIK

Mizik se yon pati ki esansyèl nan kilti ak kominote nou an. Epitou li enpòtan pou devlopman endividyèl timoun lan. Kifè, klas yo, ki aprann timoun chante, jwe, ekoute, patisipe nan show ak kreye, esansyèl pou pwogram mizik la. Pwogram mizik lekòl primè a ofri enstriksyon jeneral ak enstrimantal. Gen divès rasanbleman pandan tout lane a, ki ofri opòtinite pou elèv yo jwe devan yon piblik. Elèv twazyèm Klas yo gen opòtinite pou kòmanse aprann jwe vyolon tou epi pou gen leson anrejistre nan salklas la. Yo ofri nan 4yèm Klas enstriksyon pou tout enstriman yo jwenn nan 'band' oswa nan òkès epi yo kontinye nan 5yèm Klas tou. Bonè pandan lane lekòl la, yo pral voye enfòmasyon osijè orè leson y oak fason pou achte enstriman yo. Yo fè sonje paran yo de enpòtans pou timoun lan pratike regilyèman lakay li.

POLITK KONSÈNAN PREZANS NAN SHOW YO – Elèv yo dwe ale nan tout pwogram mizik leswa elèv lekòl la ap prezante. Paran/Gadyen yo ap resevwa avi pitit yo pral remèt yo konsènan dat (yo) ak lè (yo) show (yo) ak prezans obligatwa timoun yo. Sizoka ta gen yon ijans, yon maladi, elatriye, yo ta ekskize yon timoun pou li pa bezwen jwe devan piblik la, akondisyon paran/gadyen timoun lan voye yon lèt siyen bay direktè lekòl la. Pwofesè ak anplwaye yo apresye kowoperasyon ou pou aktivite ki gen pou wè ak lekòl sa yo.

SIKOLÒG

Sikològ la manm ekip ki enplike nan evalyasyon timoun yo te voye bò kote yo pou teste yo poutèt yo gen pwoblèm pou aprann oubyen pwoblèm konpòtman. Grasa obsèvasyon enfòmèl ak tè s sikilòjik fòmèl, sikològ la kapab evalye nivo ak estil kapasite pou aprann timoun lan pou li kapab konsevwa pwogram edikatif ki pi efikas pou timoun sa a. Epitou, sikològ la sèvi souvan tankou yon konsiltan pou pwofesè salklas yo ak administratè yo konsènan zafè ki an rapò ak devlopman emosyonèl ak sosyal timoun yo nan anviwònman lekòl la.

KONSEYE AJISTEMAN NAN LEKÒL LA

Konseye Ajisteman Lekòl la okipe timoun ki gen pwoblèm sosyal/emosyonèl oswa ki gen pwoblèm konpòtman lekòl la. Anjeneral, se pwofesè salklas yo ki refere elèv yo ki nan pozisyon pou detekte sentòm twoub emosyonèl, konpòtman ki pa nòmal oswa move ajisteman sosyal. Wòl konseye a se pou ede timoun la jere atitud negatif sa yo ak konpòtman sosyal ki sou-devlope pou pitit la kapab fonksyone jwayezman epi jwenn siksè lekòl la. Nou konnen si timoun yo jwenn asistans pandan premye lane lekòl yo, yo gendwa evite gwo twoub konpòtman ak move rezilta lekòl la anjeneral.

ESPESYALIS ELOKISYON/LANGAJ

Elokisyon ki klè pou chak timoun se objektif prensipal pwogram elokisyon nan Lekòl Piblik Norwood yo. Nan salklas nòmal yo, yo konsakre tan pou devlope kompetans langaj oral ak ekspresyon nan elokisyon. Pwofesè salklas la resevwa asistans nan men espesyalis elokisyon ak langaj ki aji tankou yon konsiltan ak resous. Konsènan timoun ki gen pwoblèm pou akeir kompetansnan koreksyon elokisyon ki depase sa yo kapab fè nan salklas la ak resous ki disponib yo, yo

òganize yon pwogram espesyal kote espesyalis la tgravay ak timoun yo nan ti gwoup epi li konsantre atansyon li sou pwoblèm elokisyon endividyèl. Espesyalis la resevwa referans sa yo grasa deteksyon selektiv jadendanfan (pre-school), paran (yo) ak pwofesè yo.

SANT LASYANS

Objektif Sant Lasyans lan se pou bay elèv yo yon apwòch pratik ak enkizitif pou aprann lasyans. Anplwaye Sant Lasyans lan responsab pou devlope korikolòm ak kontni edikatif lan ansanm ak fòmasyon pwofesè yo pou pwofesè kls primè yo nan tout senk lekòl yo. Chak pwofesè resevwa yon leson nan Sant Lasyans chak 2 semèn nan domèn Syans Latè, Syans Fizik oswa Biyoloji. Korikolòm yo, kontni edikatif ak materyèl evalyasyon an rete opre pwofesè a ki kapab itilize yo ant 2 leson nan Sant Lasyans lan. Tout leson yo fè pati yon apwòch evolutiv ak sekans ki aliyen de prè ak Estanda Edikasyon Kad Travay Korikolòm Syans ak Teknoloji/Jeni Massachusetts.

TEKNOLOJI

Nan Lekòl Primè yo, teknoloji entegre nan tout aspè korikolòm la. Lojisyèl pou rezotaj ansanm ak Entènèt la sèvi pou asiste leson yo aprann nan salklas la. Chak salklas primè gen konpitè ki konekte nan rezo a ansanm ak yon enprimant epi chak lekòl gen yon projèktè yo gendwa konekte nan yon konpitè pou kapab gen pwojeksyon sou gran ekran. Pwogram la bay lekòl yo lòt aparèy teknoloji, tankou PC, AlphaSmarts, Smartboards, aparèy manyèl ak kamera nimerik. Gen atelye travay pou devlopman pwofesyonèl pwofesè (alafwa an liy ak off line), nan enstriksyon salklas pou elèv ak club enfòmatis apwòch pou elèv 5yèm ane yo. Al gade paj wèb lekòl ou an!

TIT I

Tit I se yon pwogram ki finanse onivo federal ki ofri sèvis bay elèv klas primè nan Norwood. Sèvis sipò sa yo òganize pou elèv andedan salklas nòmal yo; prensipalman nan domèn lekti/lang ak liteati. Espesyalis Tit I yo, ki asiyen opre lekòl ki elijib yo, travay an kolaborasyon ak pwofesè salklas yo pou asiste timoun ki montre yo bezwen ranfòsman ak èd nan konpetans lekti yo. Elijibilite pou finansman Tit I baze sou pousantaj popilasyon ki manje lench gratis oswa ak yon pri redwi nan chak lekòl primè. Patisipasyon chak elèv detèmine grasa fòm kritè seleksyon.

ELÈVK AP APRANN LANG ANGLE (ELL)

Lekòl Piblik Norwood yo ofri bon kalite enstriksyon ki konplè epi dirèk osijè lang Angle, ikonpri langaj, ekoute pou konprann, lekti ak ekriti, jan sa nesèsè pou asiste devlopman lang akademik Angle pou yon ELL. Enstriksyon sa a gen ladann objektif aprantisaj nan langaj, tandè pou konprann byen, lekti ak ekriti. Enstriksyon ESL obligatwa nan pwogram akademik elèv LEP yo. Enstriksyon ESL baze sou yon korikolòm ESL ak liv enstriksyon ak materyèl ESL ki apwopriye.

Lekòl Piblik Norwood yo aliyen ak korikolòm ELL lan WIDA Consortium (Dizayn ak Evalyasyon nan Lemonn Antye) kreye. Korikolòm WIDA an te kreye pou sèvi kòm yon kad travay pou devlopman korikolòm Angle kòm Dezyèm Lang (ELD). Epitou, M.G.L. Chapit 71A mande pou elèv ki gen mwens konpetans nan lang Angle (LEP) yo resevwa edikasyon yo nan yon pwogram

Imèsyon Pwoteje nan Lang Angle (Shletered English Immersion – SEI). Yon pwogram SEI gen de (2) eleman ladann:

- Enstriksyon nan matyè a yon fason ki pwoteje epi
- Enstriksyon Angle kòm Dezyèm Lang (ESL)

Pwofesè salklas yo fòme epi y ap kontinye resevwa fòmasyon nan domèn Imèsyon Pwoteje nan Lang Angle. Pwogram Lekòl Piblik Norwood la gen ladann enstriksyon andedan klas la (SEI) ak estriksyon nan Lang Angle grasa yon model imèsyon ekstèn.

Lejislasyon federal ak Eta a egzije pou elèv ki gen konpetans limite nan Lang Angle (LEP) pase yon evalyasyon chak ane pou mezire konpetans yonan lekti, ekriti, konpreyansyon ak langaj, ansanm ak pwogrè y ap fè pou aprann Angle. Pou respekte lejislasyon sa a, se pou elèv LEP yo patisipe nan ACCESS pou ELL yo.

SANT EDIKASYON WILLETT POU TIMOUN PITI

Tout elèv jadendanfan nan Norwood patisipe nan klas jadendanfan ki dire tout lajounen nan Willett Early Childhood Center.

Epitou, Pwogram Entegre Jadendanfan Lekòl Piblik Norwood sitye nan Willett Center. Pwogram sa a ofri sèvis konplè pou timoun piti konfòmman ak règlemantasyon Edikasyon Espesyal Massachusetts ak Lalwa Federal, Lwa Piblik 94-142. Anplwaye Sant pou Timoun Piti a teste, evalye epi okipe timoun piti ki gen bezwen espesyal ki gen ant 3 ak 5kan. Objektif pwogram ki pou tout lavil la se entèvansyon bonè nan lavi timoun piti pou eksperyans yo nan edikasyon pozitif, jan sa posib.

Yo bay klas enstriksyon espesyal lematen ak nan apremidi nan Willett Center, ansanm ak terapi langaj, ègoterapi ak terapi fizik. Anplwaye yo pase anpil tan tou nan konsiltasyon lakay paran yo pou ede yo satisfè bezwen pitit yo.

POTE LAJAN LEKÒL LA

Se pou yo dekouraje timoun pote lajan lekòl la eksepte pou objektif espesifik tankou lèt, lench, atik yo ka chwazi endividyèlman (a la carte) oswa magazen lekòl la. Menmsi yo aksepte lajan kach pou lèt, lench oswa a la carte, nou ankouraje paran yo pou yo depoze lajan nan kont elèv la avèk yon chèk pou lekòl la oswa sou Entènèt nan myschoolbucks.com. Nan sityasyon timoun piti, ou gendwa pito pote lajan an nan yon anvlòp ki gen yon etikèt ki make non timoun lan, nimewo klas la, montan ki ladann ak pouki sa lajan sa a. Elèv yopagen dwa prete lajan.

EGZEYAT

Yo mande pou tout timoun ale lakay yo dirèkteman lè lekòl la fini. Si paran yo vle fè kèlkeswa chanjman nan orè toulejou timoun yo lekòl la tankou pou pitit yo soti bonè poutèt yo gen randevou kay doktè oswa si yon moun ki pa paran pitit la dwe vin chwèch yo yon jou lekòl la, se pou paran an voye pwofesè pitit la yon lèt siyen ki enfòm li konsènan chanjman sa a.

KÒD VESTIMANTÈ

Menmsi pa gen okenn kòd vestimantè fòmèl, men jan timoun yo ta dwe abiye:

1. Mete sou yo rad ki konvab pou sezon an ak pou anviwònman lekòl la.
2. Rad ki atire twòp atansyon oswa ki twouble klas la pa apwopriye.
3. Tout rad yo ta dwe repase, pwòp ak konfòtab.

Administrasyon an rezève dwa pou li deside si yon rad pa apwopriye nan yon anviwònman lekòl. Sa gen ladann mete chapo lekòl ansanm ak rad ki entewonp oswa anpeche pwogram la dewoule nòmalman. Yo gendwa voye yon elèv tounen lakay li si administrasyon an panse rad li gen sou li pa apwopriye.

DEPLASMAN AK TOUT KLAS LA

Lè yon klas deplase ak tout timoun yo, se pou paran yo siyen yon bout fèy pou bay otorizasyon pou timoun yo patisipe. Yo gendwa mande timoun yo peye yon tic haj pou kontribye nan depans deplasman sa a. Lajan nan bidjè nòmal lekòl la ak lajan PTA/PTO sèvi pou peye balans yo dwe pou deplasman an.

Yon timoun gendwa pèdi privilèj li pou patisipe nan yon deplasman ak klas la poutèt li gen move konpòtman lekòl. Elèv ki pa ka patisipe nan yon deplasman ak klas la ap rete lekòl la epi yo pral fè aktivite ki baze sou korikòl lan ki enteresan. Se pou tout timoun konpòte yo trè byen lè y ap patisipe nan deplasman ak tout klas la. Konpòtman elèv yopandan deplasman an toujou dwe reflekte estanda ki pi estrik Lekòl Piblik Norwood yo. Tout règlemantasyon lekòl la kontinye aplike padnan deplasman ak klas la.

Elèv ki konn pran medikaman pandan jounen lekòl la gendwa resevwa medikaman sa a pandan deplasman ak klas la tou. Se pou paran/gadyen an bay pèmisyon li alekri anvan deplasman ak klas la. Se yon adilt ki pral administre medikaman sa yo. Paran ki gen kesyon oswa preyokipasyon konsènan medikaman pou deplasman vizit ak tout klas la ta dwe pale dirèkteman ak nès lekòl la. Direktiv sa a se Depatman Sante Piblik Massachusetts ki apwouve epi li sètifye li.

TÈS SIMILASYON

Yo pwograme fè tèst similasyon detanzantan pou evakye bilding yo ansanm ak vewouyaj tout sòti yo pou elèv ak anplwaye yo. Elèv yo resevwa enstriksyon konsènan sekirite lè gen ensandi, disiplin ak pwosedi yo pandan yon ijans, ansanm ak anplasman tout sòti prensipal ak segondè yo. Tout moun dwe pran egzèsis sa yo seryèzman poutèt yon ijans gendwa rive yon jou. Men similasyon yo pwograme yo:

1. Similasyon pou ensandi

Kat (4) similasyon pou ensandi pwograme ak anplwaye Depatman Ponpye pandan lane lekòl la. Tout moun oblije sòti bilding la nan lòd epi respekte pwosedi ki kòrèk yo.

2. Vewouyaj

Yo pwograme omwens yon egzèsis similasyon vewouyaj detanzantan. Egzèsis similasyon pou ijans mande pou tout moun swiv pwosedi vewouyaj yo sizoka ta gen yon enkoni ki penetre nan lekòl la oswa lòt sityasyon, ki menase sekirite anplwaye ak elèv yo.

ATIK ELÈV YO PÈDI

Lekòl la gen yon bwat pou tout bagay moun pèdi li mete nan kafeterya a. Si gen yon atik yo kite andedan otobis la, se pou w kontakte operate konpayi otobis la nan **508-785-2234**. Tanpri make non pitit la sou tout rad pou deyò (espesyalman bòt kawoutchou ak tenis). Bwat a lench bezwen gen non pou idantifye pitit la tou, menm jan ak sak lekòl, twous kreyon, elatriye.

MESAJ/TELEFÒN

Biwo prensipal lekòl la se sant aktivite an ei souvan se yon kote ki gen anpil mouvman. Kifè, paran yo gendwa prefere echanje enfòmasyon rapidman lè yo remèt timoun yo yon nòt pou li pote l lekòl. Si w panse li nesèsè pou w rele pitit ou lekòl la, yo pral pase limesaj la.

Se pou w fè sa sèlman lè gen yon ijans. Si sa posib, se pou w bay timoun ou tout enstriksyon anvan li kite lakay li lematen. Timoun gen dwa itilize telefòn lan sèlman lè gen yon ijans.

Ou gendwa kontakte pwofesè yo 15 minit anvan lekòl la louvre oubyen apre jounen lekòl la fini a 2:55 p.m. Yo gendwa pran yon mesaj nenpòt kilè pou yon pwofesè. Eksepte si gen yon ijans, yo p ap rele pwofesè a pou li vin pran telefòn lan pandan lekòl la poko fini.

LAJAN POU LÈT AK LENCH

Gen lèt pou pran goute tout elèv gendwa achte vè 10è lematen konsa. Yo gendwa achte lèt tou pandan lench la. Yo sèvi lench bay tout elèv ki vle achte manje lench, ki gen ladann lèt, fwi ak ji. Pwogram lench lekòl la ofri twa (3) chwa toulejou epi elèv yo plase kòmman chak maten nan salklas yo. Nan lekòl Balch, Callahan, ak Oldham, nou ofri tidejne anvan lekòl la kòmmanse tou.

Nou ankouraje paran yo pran avantaj de pwogram pre-peman nou an ki rele Nutrikids. Pwogram sa a pèmèt paran yo depoze lajan nan kont elèv la grasa yon chèk yo voye lekòl la, ki ta dwe make non elèv la, klas li ak nimewo PIN li, oswa sou Entènèt nan myschoolbucks.com. Epitou ou kapab swiv sa elèv la achte nan pwogram la gratis.

Tanpri al gade wèbsayt lekòl la oswa jounal local la pou wè meni lench la.

ENFÒMASYON PA GEN LEKÒL

Rezon prensipal kifè yo deside anile yon sesyon lekòl se lè sekirite elèv yo menase. Lekòl Piblik Norwood yo gen twa (3) opsyon pou fèmen lekòl lè gen ijans poutèt mote tan:

1. Fèmen lekòl la tout jounen an

Sipèntandan an pral limen Connect Ed Technology an. Se yon sistèm kote Sipèntandan an ap lanes yon sistèm apèl nan tout vil la pou rele tout kay elèv yo nan sistèm lekòl la pou anonse lekòl la fèmen.

2. Retade lè pou ouvri lekòl la pandan 2 oswa 3èdtan

Yo pral difize dire delè a pandan anons pa gen lekòl yo. Si yo deside retade ouvèti lekòl la, timoun nan klas primè yo dwe vin lekòl la 1 oswa 2 èdtan pi ta. Otobis yo ap ranmase elèv otobis yo nan estasyon arv otobis nòmalyo 1 oswa 2èdtan pi ta tou. Lè yo deside louvri lekòl la pi ta, yo mande paran yo pou yo aplike bon jijman yo pou kanbe pitit yo

lakay yo pou pa voye yo lekòl I nan manifestasyon lekòl la lè gen move tan.

3. **Ranvwaye elèv yo bonè**

Sa pa konn rive souvan pou yo lage elèv yo bonè anvan jounen an fini. Opsyon sa a se sèlman lè gen gwo tanpèt apre elèv yo fin rive lekòl la oswa pou lòt kalite ijans tankou pa gen chofaj oswa dlo, elatriye (al gade Pwosedir Ijans pou Fèmèn Lekòl pou jwenn plis enfòmasyon).

Sizoka Sipèntandan an chwazi youn nan opsyon sa yo, an plis de apèl ConnectEd lan, yo pral difize enfòmasyon sa yo sou estasyon radio oswa televizyon sila yo:

WBZ - 1030 AM	Kanal 4
WCVB TV	Kanal 5
WRKO - 680 AM	Kanal 7
FOX TV 25	

Tout Kanal Aksè Lokal pa Kab

PTA/PTO

Objektif PTA (Asosyasyon Paran Pwofesè) ak PTO (Òganizasyon Paran Pwofesè) se pwomouvwa kominikasyon ak konpreyansyon pami paran ak pwofesè yo, epi pou anrichi eksperyans lekòl timoun yo. Asosyasyon sa a ouvri pou tout paran ak pwofesè elèv Lekòl Piblik Norwood yo. Reyinyon masyèl konsèy la ki louvre pou piblik la òganize leswa epi nou toujou kontan wè tout paran yo epi nou ankouraje yo patisipe. Nou ankouraje paran yo kontakte manm Konsèy PTA/PTO yo oswa biwo lekòl la, si yo ta renmen patisipe nan PTA/PTO.

Gen anpil fason paran yo kapab angaje nan lekòl pitit yo. Pa egzanp, yo kapab patisipe antanke asistan nan bibliyotèk a, nan magazen lekòl la, antanke manman yon salklas, nan bilten nouvèl lekòl la epi antanke manm aktif PTA/PTO. Yo pral voye yon fèy anrejistreman pandan peryòd prentan, ki esplike divès pozisyon ki disponib nan PTA/PTO ak nan pwogram volontè yo.

LIS IJANS PTA/PTO YO

Pandan ane lekòl la, Lekòl Piblik Norwood yo gendwa otorize PTA/PTO yo pou yo itilize enfòmasyon ki nan dosye elèv yo, ikonpri nimewo telefòn yo. Enfòmasyon sa yo se PTA/PTO ki pral sèvi ak yo pou kontak nan sityasyon ijans sèlman. Si yon pran pa vle PTA/PTO jwenn enfòmasyon sa yo, yo dwe notifiye direktè lekòl la alekri 15 septanm oplita.

LAKOU POU JWE

Elèv yo dwe konpòte yo yon fason pou aksyon yo pa poze okenn menas pou sekirite sowa byennèt yo oswa lòt moun; pa egzanp:

- A. Jwèt ak kontak fizik eksepte lago kache entèdi. Li entèdi pou aji agresivman san rezon oswa pou takine, pousuiv san rete oswa pèsèkite.
- B. Li entèdi pou sèvi ak okenn bagay ki pa ekipman jwèt ki apwopriye nan lakou a.
- C. Se pou timoun yo jwen kote ki fèt pou sa sèlman.
- D. Se pou timoun yo itilize keipman pèmanan nan lakou a kòrèkteman.

- E. Chak elèv dwe kontribye nan responsabilite pou antretyen pwopriyete ak bilding lekòl la pou li rete pwòp ak bèl; kidonk, yo p ap tolere okenn fatra, graffiti owa destriksyon.
- F. Li entèdi pou elèv yo kite lekòl la pandan lajounen lekòl eksepte si administratè ki responsab la bay yo pèmision.

TÈS NAN JADENDANFAN

Tès nan jadendanfan se yon pwosesis Eta a enpoze pou idantifye timoun ki gen bezwen espesyal. Paran yo fè yon randevou pou tès la nan moman anrejistremant an. Yo teste chak timoun apa nan peryòd prentan, anvan kòmansman nouvo ane lekòl la. Elèv y ap enskri pou jadendanfan pandan peryòd mwa lete yo ap teste nan mwa septanm. Yo pral notifie paran yo si timoun lan bezwen fè plis tès apre tès pandan jadendanfan an.

TÈS ANVAN-LEKÒL

Konfòmman ak règmanstasyon Edikasyon Espesyal Massachusetts, timoun ki poko gen laj pou ale lekòl dwe pase yon tès pou idantifye timoun yo pral refere pou yo fè yon evalyasyon ki pi konplè. Tès sa a gen ladann istorik devlopman, istorik medikal la, yon tès zye ak zòrèy, yon tès devlopman langaj ak yon tès fonksyonman pèsèptyèl ak motè. Kontakte Biwo Willett Early Childhood Center lan pou jwenn plis enfòmasyon.

KANÈ YO

Yo voye kanè yo avèk elèv 1ye Klas jiska 5yèm Klas yo pou yo mennen yo lakay yo twa (3) fwa pa ane selon kalandriye sa a:

Trimès	Dat y opa pran Nòt ankò	Dat Distribisyon Kanè yo
I	3 desanm	12 desanm
II	18 mas	27 mas
III	1 semèn anva lekòl la fini	Dènye jou lekòl la

Elèv jadendanfan resevwa 2 rapò sou pwogrè. Premye rapò sou pwogrè an rive kay elèv la dènye semèn nanmwa janvyè. Dezyèm rapò ou pwogrè a rive kay elèv la dènye jou lekòl la.

RESPONSABILITE PARAN KI PA GEN GAD TIMOUN LAN POU RESEVWA DOSYE ELEV LA

Pou kapab jwenn dosye elèv yo, Paran ki pa gen Gad Timoun lan dwe:

1. Prezante yon demann yon dèl fwa bay lekòl la grasa yon demann alekri yo pral kenbe nan dosye lekòl la.
2. Yon paran ki pa gen gad timoun lan elijib pou jwenn aksè nan dosye elèv la, eksepte si:
 - a. Yo te refize bay paran an lagad jiridik lan oswa yon jij oblije li wè timoun lan anba sipèvizyon sèlman, poutèt li reprezante yon menas pou sekirite elèv la epi menas la mae espesifikman nan desizyon tribinal la ki an rapò ak lagad jiridik oswa vizit anba sipèvizyon an, oswa
 - b. Yo refize otorize paran an wè pitit la, oswa
 - c. Yon desizyon tribinal te entèdi paran an wè pitit la yon fason tanporè oswa pèmanan, eksepte si entèdiksyon tribinal la (oubyen kèlkeswa lòt desizyon ki modifiye entèdiksyon tribinal la) otorize espesifikman paran an jwenn aksè nan dosye elèv la, oswa

- d. Gen yondesizyon yon jij tribinal otantifikasyon ak tribinal fanmi te pran ki entèdi yo bay paran an dosye elèv la.
3. Depi lekòl la resevwa demann lan, touswit li pral notifiye paran ki gen gad timoun lan konsènan demann lan nan yon lèt ak akize resepsyon kourye premye klas, ki ekri ni nan lang natifnatal paran ki gen gad timoun lan ni ann Angle. Avi an pral enfòmè paran ki gen gad la ke se pou yo bay paran ki fè demann lan 21 jou oplita enfòmasyon li mande an konfòmeman ak Seksyon 34H, eksepte si paran ki gen gad pitit la prezante direktè lekòl la desizyon yon tribinal ki aplikab nan sityasyon sa a.
4. Depi yo fin apwouve demann lan, se pou yo efase tout enfòmasyon tankou adrès elektwonik ak postal ansanm ak nimewo ki gen pou wè swa ak anplasman travay oswa kay paran ki gen gad la nan enfòmasyon yo pral remèt yo. Yo pa kapab itilize dosye sa a pou anrejistre yon elèv nan yon lòt lekòl.
5. Tout dokiman sa yo ki limite oubyen ki restrenn aksè yon paran pou wè dosye oswa enfòmasyon yon elèv yo te remèt lekòl la oswa distri lekòl la dwe anrejistre nan dosye elèv la.

KONSÈY POU SEKIRITE

Paran yo gendwa ede pwoteje timoun yo pou yo pa kidnape ni esplwate. Pale ak timoun ou yo konsènan règ sekirite sila yo.

1. Pa pran aksepte anyen nan men moun ou pa konnen - bonbon, kado oswa lajan.
2. Pa pwoche machin si yon moun ou pa konnen ap mande w chemen li; li fasil pou yo trape timoun lan fè l antre nan machin.
3. Chwazi itinerè ou konnen byen lè w ap mache pou ale lekòl epi toujou mache ak yon zanmi. Pa vin lekòl la twò bonè, anvan 8:25AM.
4. Kouri chape, rele anmwey epi fè anpil bri, si yon moun ou pa konnen ap swiv ou.
5. Di paran/gadyen yo touswit si yon moun oswa yon ensidan te mete elèv yo malalèz.

JOUNEN LEKÒL

- A. Tout elèv yo dwe respekte règ sekirite yo; pou fè sa, se pou yo mache ou twotwa epi pou yo janbe lari a sèlman nan entèseksyon ki sipèvize yo. Li entèdi pou ranse, jwe oswa voye boul nèj oswa lòt bagay pandan elèv yo ap mache pou ale lekòl oubyen pou tounen lakay yo.
- B. Timoun yo dwe rapòte ensidan ki pa nòmal touswit bay paran, pwofesè oswa sipèvizè sikilasyon an.
- C. Tout timoun dwe ale lakay yo dirèkteman apre lekòl, eksepte si yon paran oswa gadyen an te notifiye lekòl la pa telefòn oswa nan yon lèt. (pa egzanp: ale kay yon zanmi apre lekòl.)
- D. Se pou yo pote yon lèt pou elèv yo otorize kite lekòl la bonè. Paran, gadyen legal oswa moun ki otorize sèlman ki gendwa vini nan biwo a pou vin chèche elèv la. Se pou yo ekri non tout timoun yo nan tiliv Reta/Egzeyat la ki nan gichè dakèy la.
- E. Elèv yo pa ka rive lekòl la anvan sipèvizyon fòmèl la kòmanse. Detanzantan, pwofesè yo pral mande elèv yo pou prezante yo bonè lekòl la pou bay yo asistans endividyèl, elatriye; lè sa a, pwofesè a pral re pran responsablite an pou sipèvizyon an.

- F. Lè gen move tan, se pou timoun yo antre nan bilding lan epi pou yo ale nan zòn kote yo sipoze rete a.
- G. Timoun ki rive lekòl anreta (apre 8:50 a.m.) dwe prezante yo nan biwo lekòl la epi ekri non yo nan Liv Reta/Egzeyat anvan pou yo antre nan salklas la.
- H. Apre yon absans 1 oswa plizyè jou, yon elèv dwe pote yon lèt paran/oswa gadyen li siyen ki esplike pouki rezon li te absan.
- I. Chak pwofesè salklas ap verifye si ekipman twalèt yo itilize kòrèkteman. Si yo ekri sou mi a, yo gaspiye papye twalèt epi yo mal itilize ekipman twalèt la, administrasyon an va konsidere sa tankou bagay ki grav.
- J. Elèv yo resevwa liv ki gen kouvèti di oswa mou nan kòmansman chak ane lekòl. Elèv yo responsab pou pran swen chak liv epi pou remèt tout liv yo nan yon eta pwofesè ak direktè lekòl la jije ki akseptab nan fen ane. Paran/gadyen an responsab pou peye pou ranplase kèlkeswa liv yo ki domaje oswa ki pèdi. Ranplasman liv bibliyotèk ak atik yo pèdi oswa ki domaje anba responsabilite paran/gadyen an.

FÈT NAN LEKÒL LA

Se pwofesè an ki pwograme fèt nan lekòl la. Tanpri al pale ak pwofesè salklas la pou jwenn enfòmasyon konsènan politik sou fèt yo.

FOTO LEKÒL YO

Yo pran foto endividyèl pou chak elèv chak ane epi ou kapab achte yo, si w vle, pou yon ti montan.

DOSYE ELÈV YO

Dosye kimilatif konplè elèv yo disponib pou paran/gadyen kapab egzamine yo. Si yon paran vle sa, li kapab fè yon randevou nan biwo direktè lekòl la. Kopi dosye elèv la ap disponib, sepandan, yo pral chaje yon ti montan lajan pou fotokopi yo.

Dosye sa yo kreye pou konstitye yon koleksyon itil done konsènan pitit ou epi yo gen ladann enfòmasyon sante, nòt nan tès estandadize yo, rapò konferans yo ansanm ak kèlkeswa lòt enfòmasyon ki itil pou ede elèv la pandan tout lane lekòl yo. Dosye elèv yo ranje nan chak bilding nan yon anplasman ki sekirize.

Konfòmman ak Règlemantasyon Dosye Elèv Massachusetts yo, lè yon elèv transfere nan yon nouvo lekòl, direktè a gendwa voye "dosye lekòl konplè" a san konsantman paran an alavans. Si pitit ou ap transfere nan yon nouvo lekòl, swa l ap antre oswa l ap sot nan yon lekòl Norwood, yo pral voye tout dosye lekòl li okonplè nan nouvo lekòl la, ikonpri men san limitasyon, dosye disiplin, nòt yo, dosye sante ansanm ak kèlkeswa lòt dosye Edikasyon Espesyal.

TÈS

Elèv klas primè dwe fè divès evalyasyon fòmèl ak enfòmèl pandan eksperyans lekòl yo depi Jadendanfan jiska 5yèm Klas.

Enfòmasyon ki annapre yo endike kalandriye tès fòmèl yo pral administre nan tout lekòl primè yo.

DAT PWOGRAM TÈS ETA A:

Tès MCAS:

Tès MCAS (Sistèm Evalyasyon Konplè Massachusetts) nan Peryòd Prentan pou Syans ak Teknoloji ap administre nan mwa me pou 5yèm Klas sèlman.

Tès PARCC:

Elèv ki nan 3yèm jiska nan 5yèm Klas ap dwe fè tès PARCC (Patenarya pou Evalyasyon Preparasyon pou Kolèj ak Karyè) la.

Tès Evalyasyon ki Baze sou Pèfòmans (PBA) ap administre mi-mas jiska mi-avril pou ELA ak Matematik.

Tès Evalyasyon Fen Dane (EOY) ap administre pandan mwa me.

ACCESS pou ELL yo

Tès ACCESS lan pou ELL yo (Evalyasyon Konpreyansyon ak Kominikasyon nan Lang Angle Eta-pa-Eta pou Elèv k ap Aprann Lang Angle) ap administre depi janvye jiska mi-fevriye chak ane.

Direktè bilding yo ap kominike dat egzak tès ki endike anlè yo epi y ap afiche sou wèbsayt Lekòl Piblik Norwood yo.

VIZITÈ/VOLONTÈ NAN LEKÒL LA

Si w ta renmen vizite lekòl la pandan jounen lekòl la, pa ezite vin wè nou. Paran yo ta dwe rele anvan vizit la epi fè yon randevou ak pwofesè a yon lè ki konvnan pou toulede. Anvan ou kòmanse vizite la, antre nan biwo prensipal la epi make non ou nan Kaye pou Vizitè/Volontè epi endike ki kote ou prale. Yo pral remèt ou yon pass pou Vizitè epi se pou w mete li tout tan pandan ou nan bilding ak sou pwopriyete lekòl la.

WÈBSAYT

Paj wèb Lekòl Piblik Norwood lan se www.norwood.k12.ma.us. Wèbsayt la ofri anpil enfòmasyon osijè Lekòl Piblik Norwood Public yo anjeneral avèk lyen nan chak lekòl endividyèlman.

PAJ SIYATI PARAN YO

MWEN RESEVWA YON KOPI TILIV ELÈV LA KI GEN LADANN SA KI ANNAPRE YO: (1) YON KOPI **CHAPIT 269** LWA JENERAL MASSACHUSETTS YO KI DEKRI LWA KI ENTÈDI **BIZOUTAJ**; (2) YON REZIME **POLITIK ASÈLMAN SEKSYÈL**; (3) YON ESPLIKASYON **LWA SOU NOTIFIKASYON PARAN YO**; EPI (4) **POLITIK POU ITILIZASYON AKSEPTAB POU TEKNOLOJI NORWOOD**.

Non Elèv la:

Dat

Siyati Paran/Gadyen

Klas/Pwofesè